ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№74 (23.888) ● 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, гъбж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Жыжьэ - гъунэгъу

ТекІуэныгъэ Иным и «Фэеплъ Іэмыщ1э»

Хэку зауэшхуэм зэрыщІидзэрэ илъэс 78-рэ зэрырикъум екъэлІауэ УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм къыхилъхьа «Фэеплъ Іэмыщ1э» урысейпсо Іуэхум Къбэрдей-Балъкъэрри хэтащ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ щІыналъэр яхъумэурэ зи псэр зыта зауэлІхэм я фэеплъу Терскол дэтым деж цІыху щитым щІигъу щызэхуэсат мэкъуауэгъэм и 22-м. Кавказыр зыхъума сэлэт 225-м я хьэдэхэр щІэпльщ абдеж.

Іуэхум кърихьэлІащ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек, КЪБР-м къеГэщІыпІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачев Евгений, Хэку зауэшхуэм хэта Этезов Нажмудин, КЪР-м и Правительствэм хэтхэр, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм, Урысейм и МЧС-м я лІыкІуэхэр, ДОСААФ-м и курсантхэр, «Юнармия» зэгухьэныгъэм хэт ныбжьыщІэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Фашизмэм текІуэным теухуауэ совет цІыхухэм яхуэзфІэкІар къэлъытэгъуейщ. Совет сэлэтырщ фашизмэм и лъэр щІэзыудар, дуней псом мамырыгъэр кахуэзызуэар. ИкІи дэ ди кьалэнщ лІыхъужьыгъэм и щапхъэу абыхэм къагъэлъэгъуаэр ди гум щытхъумэныр, кърытщІэхъуэ щІэблэр щыгъуазэ тщІыныр, Хэку зазэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам и тхыдэр зэрахьэкІыу зыми яхуэдмыдэныр, - жиІащ **КІуэкІуэ Казбек**.

Этезов Нажмудин къыщыпсалъэм КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ хуищІащ нэхъыжьхэр зэрыщымыгъупщэм пащІэ. Абы къыхигъэщащ Хэкур хъумэным, ар егъэфІэкІуэным теухуауэ иджырей щІалэгъуалэм куэдкІэ зэращыгугъыр.

Ткачев Евгений жиІащ ТекІуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа ди нэхъыжьхэр, Хэкур хъумэным зи гъащІэр щІэзыта совет зауэлІхэр зэрытщымыгъупщэм и нэщэнэу мы зэІущІэр къызэрилъытэр.

«Мемориал Эльбрус» къэлъыхъуакІуэ гупым хэтхэм я гъусэу, КІуэкІуэ Казбекрэ Этезов Нажмудинрэ Іуащхьэмахуэ лъапэ деж щыхэкІуэдахэм я кхъащхьэм щы Іэмыщ1э къытрахри, сэмбым иракІытащ. Щы Іэмыщ1эр ирагъэхьунущ УФ-м Іэщэкіэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм я члисэ нэхъыщхьэу Москва пэмыжьжьэу щыІэ «Патриот» паркым деж иІэм.

Зэ1ущІэм и кІэухым къызэхуэсахэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Іуэхум хэту, Іуащхьэмахуэ и Іэгъуэблагъэм къыщагъэтыжа совет Іэщэхэм я гъэлъэгъуэныгьи Терскол дэт курыт еджапІэм щекІуэкІащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Джылахъстэней щІыналъэр зыхъумахэр ящыгъупщэркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым хиубыдэу щыІэ Курп лъагапІэм цІыху куэд дэкІащ Хэку зауэшхуэр къыщыхъеар ягу къыщагъэкІыж зэманым.

МЫ ІУЭХУМ цІыху 250-м щІигъу хэтащ. «Урысейм и къэлъыхъуакІуэхэм я зэщІэхъеныгъэм» и щІыналъэ къудамэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щалэгъуалэ, студент зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, ДОСААФ-м и курсантхэм, армеец ныбжьыщІэхэм ягу къагъэкІыжащ мы щІыпІэм щекІуэкІа зауэ гуащІэр.

Махуи 100-м щІигъукІэ Курп щыгур яхъумащ 317-нэ фочуэу дивизэм и зауэлІхэм. А зауэ гуащІэм хэкІуэдащ красноармеейц мини 7-м щІигъу. Хэкур яхъумэурэ зи псэр зытахэм къызэхуэсахэр яхуэщыгъуащ.

ГукъэкІыжхэм я архив

Урысей гвардием и дзэхэмкІэ Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм щрагъэжьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу ди щІыналъэм щыпсэужьа я гукъэкІыжхэм я видеоархив къызэгъэпэщыным теуха лэжьыгъэхэм.

ЗАУЭР къызэрыхъейрэ илъэс 78-рэ щрикъу махуэм и пэ къихуэу «КЪР-1» телеканалым и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу Управленэм и унафэщІ, полицэм и полковник Васильев Сергей, абы и къуэдзэ Трушин Василий и къуэм и деж. А махуэм хьэщІэхэм траха фильм кІэщІыр хагъэхьэнущ щІэуэ къызэрагъэпэщ видеоархивым.

Караганов Николай 1926 гъэм Къзэзахъстаным кьыщалъхуащ, илъэс пщыкІубл ирикъуа къудейуэ 1943 гъэм зауэм ираджэри, танкхэм япэщІэт артиллерием хагъэхьащ. Белоруссием, Польшэм щызэуащ. Зауэр иуха нэужь дзэм хэту Германием илъэситхукІэ кьылыкъу щищІащ. Абы Хэку зауэм и орденым и ещанэ нагьыщэр, медаль зыбжанэ кьратащ. Илъэс куэдкІэ Тырныауз вольфрамомолибден комбинатым щылэжьащ, пенсэм кІуа иужь Налшык кьалэ псэуп1э щІащ.

Видеоархивыр къызэгъэпэщыным хиубыдэу Урысей гвардием къулыкъу щызэщІэхэр республикэм ис нэгъуэщІ ветеранхэм я деж кІуэнущ.

Урысей гвардием и дзэхэмкІэ Управленэу КЪР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Алексей, «Эльбрус» СОБР-м и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и полковник Сунш Азэмэт, полицэм и майор Лыкъуэжь Маринэ сымэ щыІащ Налшык кьалэм щыпсэу ветеран Караганов Николай

ФИЛИППОВ Константин.

Налшык дэт мэжджытым и макетыр Москва щагъэлъагъуэ

Урысейм и къалащхьэм къэралым и ухуэныгъэ нэхъ хьэлэмэтхэм ятеухуауэ къыщыщІэуІуаха выставкэм щагъэлъагъуэ Налшык кьалэм дэт мэжджытым и макетыр. Утыку кърахьащ 50-кІэ нэхъ щІыкІуу щІа макет 80 - Москва и Кремлым щегъэжьауэ Владивосток щытралъхьа лъэмыжьыщІэм нэсыху я макетхэр.

КЪЭРАЛЫМ и ухуэныгъэ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм къытращІыкІа копиехэр щызэхуахьэсащ «Царицыно» музей зэІухам.

Мы выставкэр Урысейм и архитектурэм и ухуэныгъэ нэхъ гъащІэгъэнэхэм я моделхэр щагъэлъагъуэхэм я нэхъ ин дыдэщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр гъэхъэзырыным илъэситхукІэ елэжьащ Іэщ1агъэлІ 60 зыхэт гупыр.

Паркым гектар 1,5-рэ еубыд икІи ар 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 25-м нэсыху ягъэлъэгъуэнущ.

ФИЛИППОВ Константин.

● Абы дегъэпІейтей

Хэту пІэрэ Іуэхур зылъахъэу къалытэр?

УФ-м и Президентым Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитныгьэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Титов Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым щаІуащІащ хьэрычэт Іуэхум пэрытхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪР-м хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгьэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ **Афэщ1ыж Юрий**, «Іуэху зезыхьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Пархоменкэ Юлие**, нэгъуэщІхэри.

Кьыдзэхуэсахэм защІхуигъаазэм, Титов Борис кьыхигъэщащ къызытекІухьа Іуэхур нэхъыщхьэу зэпхар республикэм и хьэрычэтыщІэхэр зыхэт гугъуехьхэр зыхуэдэр зригъэщІэныр, зэчэнджэщыныр зэрырар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым мыр ди япэ къакІуэкъым. Ауэ, пэжыр жьпІэмэ, хьэрычэт Іуэхур зыльъахъэхэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр кьыщыхъуауи зэкІэ плъагъуркъым. ЖьІсІэнуращи, гугъуехьхэр нэхъыбэщ, диІэ ехьуЛІэныгъэхэм нэхъри, - кьыхигъэщащ хьэщІэм. - Абыхэм ящыщщ налогым зэрыхъхъуэр, къэщІытэныгъэ тКІийжэр зэрырагъэкІуэкІыр, таможнэм епха ныкъуэсаныгъэхэр, нэгъуэщІ куэди. Кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыпсту 22-нэ уВуІпэм щытщ хьэрычэт Іуэху кьыхъэзыгъэпэщхэм хуагъэувэ мардэхэм я тКІиягъымрэ ахэр зыІууэ административнэ кІэлъыплъыныгъэхэм я куэдагъымкІэ. Абы и хэкІыпІэхэм ящыщ зыІуэ къызэлъытэ ди Іуэхущ1апІэр езы къэпщытакІуэхэм я лэжьыгъэм кІэлъыплъыныр, Прокуратурэ нэхъыщхьэр, щыналъэхэм щылажьэ прокуратурэхэр и гъусэу. Къэпщытэныгъэхэр хабзэм тету ирагъэкІуэкІыпхъэщ, псом хэмыдэу прокуратурэм и арэзыныгъэ хэлъу. Дэ кьыхьыдолъхьэ законым дыщІагъуну, нэгъуэщІ къэпщытэныгъэхэм кьуриклуэм ипкъ иткІэ, хьэрычэтыщІэм кьуэды тралъхьэ мыхъуну. Шэч хэмыльу, ныкъуэсаныгъэхэр кьыщІэгъащІ хуейщ сыт щыгъуи, ауэ административнэ Іуэху кьаІэтыну, законыр щымыгъэззэщІа хьэрычэтыщІэр жэуапым ирашэлІэну хуит щыщІыпхъэр, прокуратурэр арэзы техьуауэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІмэщ.

Титов Борис жиІащ гугъуехь зэхуэмыдэхэр яІэу куэдым зыкъыхэзрыхуэгъаазэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІэхэр нэхъыбэу зытеухуар хьэрычэтыщІэхэр кІэлъыплъыныгъэ тКІийм зэрыщІэтырщ, хьэрычэтэ Іуэху мыиным тралъхьэ налогыр зэрыниыщ.

ХьэщІэм кьызэхуэса хьэрычэтыщІэхэм я упщІэхэм жэуап иритащ.

Зэ1ущІэм и кІэм Афэщ1ыж Юрий фыщІэ хуищІащ Титов Борис, республикэм хьэрычэт Іуэхур зэрыщІыкІуатэм зыщигъэгъуэзэну щІэх-щІэхыурэ кьызэрыкІуэм папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Парламентым

ХьэрычэтыщІэхэм къахохъуэ

Абы иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхухэмкіэ, Социальнэ политикэмкіэ, лэжьыгъэмрэ зэушнагъэр хъумэнымкІэ и комитетхэм я жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КЪБР-м и Парламентымрэ суд Іуэхущ1апІэхэмрэ щыІэ **Дышэкі Мадинэ**, КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ зэушнагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хьэусен**, ЭкономикэмкІэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщ1э Заур**, хьэрычэт Іуэхум елэжьхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэ1ущІэр кьыщыхэІуихым, **Іэпщ1э Заур** кьыхигъэщащ къаІэта Іуэхум иджыпсту кьэрал псом гулъытэшхуэ зэрыщыхуащІыр. Абы зэрыжиІамкІэ, мы зэманым Урысейм я щхьэ хуэлэжьэжу щатхар цІыху мин 60-м щІегъу. Абыхэм я хэхьуэр кьыхокІ цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм, езым кьыщІагъэкІым кьыпэкІуэм, я унэр бдджэнду эратым, нэгъуэщІ куэдми.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныгьмкІэ и департаментым и унафэщІ **Афэщ1агъуэ Кьантемыр** кьызэрыжиГъащІамкІэ, лэжьапІэ зимыІэхэм ирата упщІэхэм кьагъэлъэгъуащ куэдыр я щхьэ Іуэху кьызэрагъэпэщыжьыну, хьэрычэтыщІэ хъуну зэрыщІэзыгъэпсыр. Абы жиІащ ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныгьмкІэ Іуэхущ1апІэхэм Іуэмыт, хьэрычэт Іуэху кьызззыгъэпэщыну хуейхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуныр теуха кьэрал Іуэхутхьэбзэ зэрыхуащІэр. Апхуэдэ цІыхум ахъшэкІэ зыщІагъакъуэ, лэжьапІэ зэримыІэмкІэ кьратыр хуэдэ 12-кІэ гъэбзгъуауэ. КьыщынэмыщІауэ, и дэфтэрхэр игъэхьэзырыныгьмкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэхъу.

2012 - 2018 гъэхэм апхуэдэ кьэрал Іуэхутхьэбзэр хуащІащ цІыху минрэ 900-м, 2019 гъэм и япэ мазаплІам - цІыхуи 136-м.

- 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныгьмкІэ и Іуэхущ1апІэхэм яГъэзэщІащ «Іэнатіэщ1эхэр кьызэІухьи мурадкІэ хьэрычэтым зегъэужьын» Іуэхум кьыщыгъэлъэгъуахэр. Я лэжьыгъэм зрагъэужьын папщІэ, хьэрычэтыщІи 115-м сом мин 200 зырыз иратащ, Іэмал имыІэу цІыхуит! ягъэлэжьэну кьащтэну ягурыІуэу, - кьыхигъэщащ Афэщ1агъуэм. Абы жиІащ «ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныгьмкІэ щІэгъэкъуэн хъун» республикэ кьэрал программэм кьыщыгъэлъэгъуэ ахъшэ дэІэпыкъуныгъэм хэгъэхъуэным хэплъэну кьызэрыхалъхьэр. Апхуэдэуи кьэпсэлъам дыщІигъуащ республикэм щыпсэу унагъуэ хуэмыщІахэм, зи закъуэу псэу цІыхухэм кьэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэгурыІуэныгьэкІэ зэрыратыр. Ахъшэр ират зэрыпсэуну Іуэху гуэр кьызэрагъэпэщын папщІэ: Іэщ1ягъэшхэмри, джэдкъаз ягъэхъунми.

- Республикэм дяпэкІэ комиссэ иІэнущ лэжьыгъэр законым тету кьызэгъэпэщыным, улахуэмкІэ щІыхуэ зытелъхэм зытрагъэкІыным, пенсэ ныбжьым нэблэгъахэм я хуитныгьэхэр хъумэным и нэІэ тригъэтыну. Абы ипкъ иткІэ зэдгъэуІуа лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Іуэхущ1апІэхэм кьэпщытэныгьэхэр щарагъэкІуэкІ, зэгурыІуэныгьэ зрамыщІылІа Іэщ1агъэлІхэр кьыщІагъэщын мурадкІэ, - дыщІигъащ Афэщ1агъуэ Кьантемыр.

Іуэхум теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ «Іуэху зезыхьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ Іуэхущ1апІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Гузеевэ Индирэрэ** Хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ курытымкІэ «Урысейм и щІэгъэкъуэн» урысейпсо жылагъэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Кьылъшыкъуэ Альбертрэ**.

Зэ1ущІэм щыжаІахэр кьэлъытауэ, зэлэжьынухэр яубзыхуащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Къуажэхэм я къабзагъым тКІийуэ кІэлъоплъ

Мэкъуауэгъуэм и 21-м Бахъсэн район администрацэм и унэм зи чэзу зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытепсэлъыхьащ щыгъэжьэн я щІыналъэхэр, псы Іуфэхэр къабзэу щыгъэзытыным.

Район администрацэм и унафэщІ Балъкъыз Артур къыхуриджащ зэман кІэщІым кьриубыдэу къуажэ гъунапкъэхэм щыІэ удзыжьхэр къахьну, псы Іуфэхэр ягъэкъэбзэну, хабзэм къемызэгъ пхъэнкІий идзыпІэхэр ягъэсеижьну.

Щ1ыналъэм къабзагъэм теухуауэ щыІэ щытыкІэм, гулъытэ нэхъ зыхуэщІыпхъэ щІыпІэхэр кьыхигъэщу, зэхэщауэ тепсэлъыхьащ район администрацэм и унафэщІым гъащІэр кьызэгъэпэщыныр псэупІэ-коммуналЬнэ хозяйствэмкІэ и къуэдзэ Ует Анатолэ.

Район унафэщІым къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм ягу къигъэкІыжащ федеральнэ, щІыналъэ гъэзэгухэм екІуэкІ щІыхэр бэджэнду зыйыгъэхэм щхьэж кьепха щІыналъэхэр зыхуэй хуигъэзэну зэрикъалэнхэр.

Зэ1ущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыйжани щызэхьэрахащ, ахэр щагъэззэщІэну пІалъэхэри пыухыкІауэ кьагъэлъэгъуащ.

ЧЫЛАР Аринэ.



Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 25, *гъбж*

♦Тенджызым щылажьэм и дунейпсо и махуэщ

♦УФ-м и Статистикэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Словение, Хорватие Республикэхэм я кьэралыгьуэхэм я махуэщ. 1991 гъэм ахэр Югославием кьыгурэкІащ.

♦Славянхэм я зэныбжьэгьуГэмрэ зэкъуэтыныгьэмрэ и махуэщ

♦1876 гъэм Америкэм щыщ бдзэжьеящэ Енсен Альфред, дунейм щыяпэу, и закъуэу кхъухькІэ Атлантикэ хым зэпрысыкІащ.

♦1946 гъэм СССР-р Футболымкіэ дунейпсо федерацэм хьхьащ.

♦1959 гъэм Совет Союзым щыяпэу Москва кьыщызэІуахащ Америкэм и лъэпкъ выставкэр. Абы щагъэлъэгъуащ США-м щащІа мэкъумэш машинэхэр, автомобилхэр, унагъуэм кьыщагъэсэбэп техникхэр, Іэмэпсымэхэр, апхуэдэуи щыгъынхэр, кьабзагъэм ехьэлІауэ кьагъэсэбэпхэр, цІыхубзхэм зэрызагъэдахэ напэщІыхуэ хуэдэхэр. ТхьэмахуитІым кьриубыдэу а выставкэм яфІэтелъыджэу елъытащ цІыху мелуанитІым нэблагъэ.

♦1987 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ кьыщащтащ къэралым экономикэ зэхъуэкІныгьэхэр щегъэжькІуэкІыным теухуауэ.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, егъэджакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Филозов Альберт** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КЪБР-мрэ щІэныгьэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хьурей Леоренэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Журналист, политикэ щІэныгьэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщІ **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхьунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 26, *бэрэжьей*

♦Залымыгъэ зыкІэлъызэрахьахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ

♦Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Беларусь Республикэм, Туркменистаным я прокуратурэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Азербайджаным Іэщ1кІэ зэщІэузэда и къарухэм я махуэщ

♦1920 гъэм Налшык и Затишье хьэблэм япэ санаторэ зэрыщыхьэІуахащ.

♦1938 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатэр зэрыІуэ хахащ.

♦1940 гъэм, ЕтІуанэ дунейпсо зауэр зэрекІуэкІыр кьишлъытэри, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищІащ къэралым и цІыхухэр махуэм сыхьэтийкІэ, тхьэмахуэм кьриубыдэу махуикІэ іажэн зэрыхуейм, абы нэмыщІ, дакъикьэ 21-рэ нэхъ-рэ нэхъыбэкІэ пэжьапІэм кьыкІэрыхуар уголовнэ жэуапым зэрырашэлІэнум теухуауэ.

♦1941 гъэм Гастеллэ Николай къраудыха и кхъухьлъатэр хуиунэтІащ биём и машинэ, танк куэд щызэхэт щІыпІэм. Хахуагъэ кьиГъэлъагъуэу, биём хэщІыныгъэшхуэ ириту зэкІуэда Гастеллэ «Совет Союзым и Генералиссимус цІэр гъэувыным теухуауэ. А цІэр зэ зэкъуэ зэрыфІащар - 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м ар хуагъэфэщауэ щытащ Сталин Иосиф.

♦Кинорежиссёр, ди къэралым щынэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ «Белое солнце пустыни» фильмыр тезыха, УФ-м и цІыхубэ артист, Урысейм и Къэралсаугъэтыр зыхуагъэфэща **Мотыль Владимир** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Абдокъуэ Маталио** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей къэралэлжьакІуэ, УФ-м и Компартым и унафэщІ **Зюганов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ футболист цІэрыІуэ, къэралым и гуп къыхэхамрэ «Милан» командэмрэ илъэс куэд хъуауэ я капитан **Мальдини Паолэ** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым и лэжьакІуэ **Туарыш Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мысэр матьэри, хейм и гъакъуэр щІеуд.

● Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет

Илъэс 50 гъуэгуанэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым микробиологиемкIэ, вирусологиемрэ иммунологиемкIэ и кафедрэр къызэрыуэхурэ илъэс 50 зэрырикъум теухуа Урысейпсо щIэныгъэ-практикэ конференц иджыблагъэ екIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтащ университетым щылажьэ дохутыр-щIэныгъэлIхэр, абыхъм я гъэсэнхэр, Москва, Смоленск, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ республикэхэм къикIа IэщIагъэлIхэр.

ЕДЖАПIЭ нэхъыщхьэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу конференцым хэтхэм захуигъэзащ КъБКъУ-м проектинновацэ IуэхугъэмкIэ и проректор Iумэт Мурат:

- ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм кьыдит Iэмалыр нэгъэсауэ IэнатIэм къыщыдгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ абы. - Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм кьрикIуэр нобэрей зэхуэхьэм кьрихьэлIа IэщIагъэлIхэм нэрылъагу ящIащ. Еджагъэшхуэхэм я щIэныгъэ зэфIэкIыр медицинэм щызыIэрыдгъэхьэ ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэ быдэщ. Сэ шэч кьытесхьэркъым конференцым хэтхэр Iуэхугъуэщ Iэ куэдым нобэ щыгъуазэ зэрыхуэхъунум. Зэхьихьэр псоми кьахуэщхьэпэну, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр утыку кърахьэну, ди университетыр дяпэкIи IуэхугъуэщIэ куэдым я щIэдзапIэ хъуну сыщогугъ.

Урысейм и Федеральнэ медико-биологие агентствэм ПульмонологиемкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым клиническэ, гъэуэнхуныгъэ биофизикамкIэ и лабораторэм и унафэщI Саадаевэ Светланэ зэхьихьэм щIэныгъэм хуэпабгъэ куэд кьыззэрекIуэлIар и гуапэ зэрыхьуар кьыхигъэщащ, абы хэтыну кьызэрырагъэблэгъамкIэ кьызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIри, я зэдзэлажьэныгъэр купщIафIэ хъуну кьызэхуэсахэм екъуэхъуащ.

- Фундаментальнэ щIэныгъэм и зэфIэкIхэр медицинэм екъулIэныгъэкIэ кьыщыгъэсэбэпыныр къэралым узынщагъэр хьэмэнымкIэ и IэнатIэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. Аращ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хъурей Заирэ зи унафэщI КъБКъУ-м вирусологиемрэ иммунологиемкIэ и кафедрэм и лэжьыгъэр зытеухуар. Медицинэ жылагъуэм нобэрей конференцым хуэфэщэн гулыIэ зэрыщIигъуэтынум шэч кьытесхьэркъым, абы хэтхэм я мурадхэр кьехъулIэну сохьэхъу, - жиIащ КъБКъУ-м СтоматологиемкIэ, нэпкъпэпкъымрэ пластикэ хирургиемкIэ и институтым и унафэщI Мустафаев Магомет.

Кафедрэм и тхыдэм, абы кьикIуа гъуэгуанэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ абы и унафэщI Хъурей Заирэ. РСФСР-м ЩIэныгъэ нэхъыщхьэмрэ курыт IэщIагъэ егъэгъуэтынымкIэ и министрым и унафэкIэ 1969 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м КъБКъУ-м и медицинэ кьудамэм хэту кьызэIуахауэ щытащ микробиологиемкIэ, вирусологиемрэ иммунологиемкIэ и кафедрэр. Хъурейм гуапэу игу кьигъэкIыжащ абы и зэфIэгъэкIуэныгъэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Нэгъуей Бесльтэн, Габриелович Исаак, Щомахуэ Алексей сымэ, нэгъуэщIхэри.

Мы зэманым кафедрэм щыIэщ биологие щIэныгъэхэм я кандидатхэу Накуэ Ларисэ, Блий Ларисэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатхэу Эльбаевэ Алинэ, Эльмурзаевэ Джаннет, Барокъуэ Еленэ сымэ. Абы и щIэныгъэлIхэм егъэджэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу 70-м щIигу ягъэхьэзыращ. Ар жыджэру ядолажьэ Урысейм и медицинэ еджапIэ куэдым. Кафедрэм и нэIэм щIэту кандидат лэжьыгъэу 34-рэ доктор дисертацэу 4-рэ пхагъэкIащ.

- Кафедрэм и кьэкIуэнур щIалэгъуалэрщ. Сэ фIыщIэ яхуэощI щIэныгъэм нэхъ куууэ хьыхьэну кьыхуэздж студентхэу си жьы3м едаIуэхэм. Дохутыр нэсыр щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIу щытын хуейщ,- кьыхурегъащ Хъурейм.

Конференцыр зэрыубыхуа жьипхъэм тету адэкIэ кьикIащ. Дохутыр-щIэныгъэлIхэм я кьэпсэлъэныгъэхэр траухущ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

КIуэкIуэ Жэмалдин Нахъуэ и къуэр

Мэкъуауэгъуэм и 20-м зэуэзэпсэу лIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и къэрал саугъэтым и лауреат, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ член («Урысей энциклопедие» Iыхьэм), ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и действительнэ член КIуэкIуэ Жэмалдин Нахъуэ и къуэр.

КIуэкIуэ Жэмалдин КъБР-м и Нагорнэ (иджырей Дзэлыкъуэ) районым хыхьэ Ашэбей къуажэм 1930 гъэм кьыщалъхуащ.

1948 гъэм Налшык дэт педучилищэр, 1952 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутыр кьиухащ.

1948 - 1952 гъэхэм егъэджакIуэу школым щылэжьащ, 1953 гъэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей къэрал пединститутым урысыбзэмкIэ и кафедрэм щылаща, 1957 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, профессору, филологие факультетым и декану щылэжьащ. 1971 - 2004 гъэхэм КъБКъУ-м урысыбзэмрэ бзэ щIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу, 2004 - 2013 гъэхэм бзэм и тхыдэмрэ славяныбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI къалэнхэр игъэзэщIащ. Иужьрей илъэхэм КIуэкIуэ Жэмалдин КъБКъУ-м ономастикэмкIэ, социально-политикэ, гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэу щытащ.

КIуэкIуэ Жэмалдин хьэрэ кIуэу щытащ. Ономастикэм, лексикологием хиубыдэу абы игъэхьэзыра тхыпIэхэр - «Адыгэ (шэрджэс) щIыпIэцIэхэр», «АдыгэцIэхэр», нэгъуэщIхэри къэрал куэдым щызэлъащIысащ. КIуэкIуэ Жэмалдин жыджэру хэлэжьыхьащ «Къэбэрдей-шэрджэс-урыс псалъалъэ» (1957), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъалъэ» (1999), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» томитI хъу тхылъыр кьыдэгъэкIыным. ЩIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэр Налшык, Москва, Софие, Киев, Одессэ, Тбилиси, нэгъуэщI кьалэ куэдми кьыщытрадзащ.

КIуэкIуэ Жэмалдин Нахъуэ и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет
Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институт
«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ
«Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ
Дунейпсо Адыгэ Хасэ
Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пунктхэу 4 - 7-хэм я къарур зытехуэ политикэ парту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэхэм я спискэхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакъуэ комиссэм и Унафэ

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м ***№73/1-6*** ***Налшык къалэ***

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м (адэкIэ - Федеральнэ закон №67-ФЗ) и 35-нэ статьям и 3 - 7, 10 пунктхэм, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пункт 3-м и къарур зытехуэ политикэ партхэм я спискэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Хэхакъуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм жапуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №960/553-7-м я пкъ и ткIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакъуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пунктхэу 4-мрэ 5-мрэ я къарур зытехуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ кандидатхэм я спискэу къыхалъхьэхэр хэхакIуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи абы папщIэ хэхакIуэхэм Iэ зыщIадза тхылъхэр зэхуэзыхьэсын хуэмей политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ адрей зэгухьэныгъэхэмрэ) я спискэр убзыхун (гуэдзэн №1).

2. Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пунктхэу 4-м, 6-м, 7-м я къарур зытехуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм я депутатхэр щыхахкIэ кандидату къагъэлъагъуэхэр, кандидатхэм я спискэу къыхалъхьэхэр хэхакIуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи абы папщIэ хэхакIуэхэм Iэ зыщIадза тхылъхэр зэхуэзыхьэсын хуэмей политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ адрей зэгухьэныгъэхэмрэ) я спискэр убзыхун (гуэдзэн №2).

3. ЩIыналъэ, участкэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуэгъэувын зыхуэфащэ хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыркIэ икIи ахэр щрагъэкIуэкIкIэ Урысей Федерацэм и Хэхакъуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №060/553-7-м, апхуэдэу мы унафэм тетыну.

4. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и лIыкIуэ органхэм я депутатхэр щыхахкIэ кьагъэлъагъуэ кандидатхэр, кандидатхэм я спискэу къыхалъхьэхэр хэхакIуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи абы папщIэ хэхакIуэхэм Iэ зыщIадза тхылъхэр зэхуэзыхьэсын хуэмей политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ адрей зэгухьэныгъэхэмрэ) я спискэр убзыхун (гуэдзэн №2).

5. Мы унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуегъэхьын, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакъуэ комиссэм Интернет хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щIиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакъуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакъуэ комиссэм и секретарь БЕСПАЛОВЭ Н.

Гуэдзэн №1

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пунктхэу 4-мрэ 5-мрэ я къарур зытехуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ кандидатхэм я спискэу къыхалъхьэхэр хэхакIуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи абы папщIэ хэхакIуэхэм Iэ зыщIадза тхылъхэр зэхуэзыхьэсын хуэмей политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ адрей зэгухьэныгъэхэмрэ) я спискэр

№№	Политикэ партым зэреджэр	Спискэм хэгъэхьэнымкIэ тегъэщIапIэр
1.	«ЩхъуантIэхэр» Урысей экологие парт» политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и 4-нэ пункт
2.	«Урысейм и патриотхэр» политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и пункт 5-м и пункт кьуэдзэ «а»

Гуэдзэн №2

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 35-нэ статьям и пунктхэу 4-м, 6-м, 7-м я къарур зытехуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм я депутатхэр щыхахкIэ кандидату къагъэлъагъуэхэр, кандидатхэм я спискэу къыхалъхьэхэр хэхакIуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи абы папщIэ хэхакIуэхэм Iэ зыщIадза тхылъхэр зэхуэзыхьэсын хуэмей политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ адрей я зэгухьэныгъэхэмрэ) я спискэр

№№	Политикэ партым зэреджэр	Спискэм хэгъэхьэнымкIэ тегъэщIапIэр
1.	«ЩхъуантIэхэр» Урысей экологие парт» политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и пункт 4-р
2.	«Урысейм и патриотхэр» политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и пункт 6-р (мы къыкIэлъыкIуэ муниципальнэ щIыналъэхэм: Налшык къалэ округым, Прохладнэ къалэ округым, КъБР-м и Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Бахъсэненкэ къуажэм, КъБР-м и Шэрдэж муниципальнэ районым щыщ Аушыджэр къуажэм)
3.	«Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и пункт 6-р (КъБР-м и Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Псынэдахэ къуажэм)
4.	«ЯБЛОКО» урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партыр	«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 35-нэ статьям и пункт 6-р (КъБР-м и Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм)

● Гу зылъытапхъэ

«Мэшыкъуэ-2019 гъэ»

Пыхуабэ (Пятигорск) гъэ къэс щекIуэкI «Мэшыкъуэ» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ зэхьихьэм кIуэнухэм зрагъэтхьин щIадзащ. 2019 гъэм ар епщIанэу екIуэкIынущ икIи Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм нэгъуэщI и щIыналъэхэм, хамэ къэрал гъунэгъуэхэм я щIалэгъуалэ мини 3 абы хэтынущ.

ЯПЭ ЗЭХУЭСЫР шыщхьэуIум и 9-м кьыщыщIэдзауэ 16 пщIондэ лэжьэнущ, етIуанэр - шыщхьэуIум и 23 - 30 махуэхэм.

Зэхьихьэм и япэ Iыхьэр тещIыхьауэ щытынущ хьэрычэт Iэхум, туризмэм, технологиехэм зегъэужьыным. ЩIалэгъуалэр Iуагъэщэнущ зи гугъу тщIы унэтIынымгъэхэм екъулIэныгъэ кьыщызыгъэлъагъуэ IэщIагъэлIхэм.

ЕтIуанэ Iыхьэр трагъащIэ лъэпкъ Iэхуэхэмрэ цIыхухэр зыIуу гугъуехьхэмрэ я кIэлIыплIэр щыгъэлъэгъуэным. ЩIалэгъуалэм я Iуэху елтыкIэр хуаIуэтэфынущ къэрал кьулыкъущIэхэм. Апхуэдэуи щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ дахьэххэм папщIэ фестиваль зэхашэнущ, лъэпкъ Iуэхуэхэм теухуауэ фильм кIэщI техныкIэ зэхьэзэхуэ кьызэрагъэпэщынущ. ЕтIуанэ зэхьихьэм ягъэкIуэнухэм хеубыдэ журналист, архитектор ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, творческэ гупэмрэ щэнхабзэ центрхэм я унафэщIхэмрэ, лъэпкъым кьыдекIуэкI IэщIагъэхэмкIэ Iэпэ1эсэхэр.

Зэхьихьэм и ещанэ Iыхьэм цIыху 1000-м щIигу хэтынущ. Абы екIуэлIэнущ жылагъуэ, волонтёр, хэкупсэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, «Урысейм и пашэхэр», «Я - профессионал» зэпеуэхэм кьыщыхэжаныкIэхэр, студент профсоюз зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

«Мэшыкъуэ-2019» зэхьихьэм хэтыну хуейхэм «Росмолодежь» АИС-м и порталым зыщрагъэтхын хуейщ бадзэуэгъуэм и 7 пщIондэ (https://myrosmol.ru/event/29I66# ссылкэмкIэ).

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Дэтхэнэ зыми и къалэн нэхъыщхьэ

Террор щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ комиссэм и зэIущIэу Тырныауз къалэм щызэхашар иригъэкIуэкIащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Залихановым Къаншоубий.

ЗЭХЬЭМ и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и хабзэхъумэ, къарузехьэ Iуэхущ1апIэхэм КъБР-м щаIэ къудамэхэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щаIыгъ я IэнатIэхэм я Iэтащхьэхэр, цIыхухэр хуабжьэ, псыкIэ, газрэ электроехьарукIэ кьызэзэгъэпэщ Iуэхущ1апIэхэм я тхьэмадэхэр, районым сымаджэщым, кIапсэ гъэзгуэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ я унафэщIхэр, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыналъэ управленэхэм я лIыкIуэхэр, Тырныауз къалэмрэ районым и къуажэхэмрэ я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр кьыщызэIуихым, Залихановым кьыхиугъащащ къахуэкIуэхэм я шыналъэ щIыналъэ кьызэгъэпэщынымкIэ щIыналъэм и къуажэхэм я Iэтащхьэхэр, цIыхухэр яхуабгъэ, псыкIэ, газрэ электроехьарукIэ кьызэзэгъэпэщ Iуэхущ1апIэхэм я тхьэмадэхэр, районым сымаджэщым, кIапсэ гъэзгуэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ я унафэщIхэр, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыналъэ управленэхэм я лIыкIуэхэр, Тырныауз къалэмрэ районым и къуажэхэмрэ я Iэтащхьэхэр.

«ЩхьэжъкIэ ешэр зи пашэ Iуэхущ1апIэр, абы и Iэгъэзблагъэр шынагъэншэу щыгъэтыным ехьэлIа Iуэхухэр и чэзум зэфIэхьныр дэтхэнэ зыри и дежкIи къалэн нэхъыщхьэу кьонэж. ЗыгъэпсэхупIэхэм я пщIантIэхэм цIыхухэм я Iэпкъльэпкъым зегъэужьыным, спортым хуэгъэзауэ дэт Iэмэпсымэхэр, сабийхэр зэрыджэгухэм, быдагъэ-шынагъэншагъэ и IэныкъуэкIэ зэрызэтегъэпсыхьар зэхэгъэкIынри шхапIэхэм щапщэфI ерыскъыхэкIхэр санитар-эпидемиологие пщалъэхэм кьызэритIасэр зэпщытэнри ахэр зи кьалэнхэм ираГъэкIуэкIын хуейщ», - жиIащ Залихановым.

Зэхьихьэм щыхэплъащ санаторнэ-курорт ухуэныгъэхэмрэ турист-рекреацэ комплексым и зыгъэпсэхупIэхэмрэ гъэмахуэ лъэхъэнэм зэрызэхьэзырым, зытегузэвыхьын щымыIэу цIыхухэр кьрагъэблагъэфын хуэдэу, террор щIэпхъаджагъэхэр кьыщымыгъэхуным ехьэлIа Iуэхухэр я нэIэм зэрыщIэтым.

КъаIэта Iуэхум ехьэлIауэ зэхьихьэм кьыщыпсэльащ Эльбрус кьуажэм и администрацэм и тхьэмадэ Согаев Магомед, УФ-м и ОМВД-м Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щиIэ и кьудамэм и Iэтащхьэ Скичко Сергей, район администрацэм и унафэщIым и кьудзэ Азубэч Мулэед, «Iуащхьэмахуэ курорт» АО-м и пашэм и кьудзэ Кьубатий Iэбил, «Эльбрусурист» АО-м и тхьэмадэм и кьудзэ Мурзаев Хьусей, нэгъуэщIхэри.

Комиссэм хэтхэм я зэIущIэм унафэ зыбжанэ кьыщащтащ. Абыхэм ящыщщ, террор щIэпхъаджагъэхэмрэ абы хуэдэ хабзэншагъэхэмрэ гъэмахуэ лъэхъэнэм кьэмыгъэхъуным хуэгъэпса оперативнэ Iуэхухэр и чэзум егъэкIуэкIыныр ар зи пщэ кьыдэхуэ цIыхухэм къалэн зэрыщащIар, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм кьрикIуэхэр щызэхалъхьэжым, Залиханов Къаншоубий кьыхигъащащ зытепсэлъыхьа Iуэхухэм ехьэлIауэ лъэхъэнэ блэкIам лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэрызэфIагъэкIар. «Псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм и хабзэхъумэ, щIыналъэм и Iэтащхьэр кьызэзэгъэпэщ, и Iуэхухэмкъым зиIэ социальнэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ хъуащ, УФ-м Террор щIэпхъаджагъэхэр кьэмыгъэхъунымкIэ и лъэпкъ комитетым, а IуэхухэмкIэ КъБР-м щыIэ комиссэм кьащта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъуми нэхъ дыкIэлъыплъыф хъуащ.

ТАРИМ Алисэ.

УНЭЖ Кашиф, *философие щIэныгъэхэм я доктор*

Пасэрей адыгэхэмрэ алыджхэмрэ я щэнхабзэхэм зэщхьу узыщрихьэлIэхэр

● Лъэпкъ къуэпсэр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№71 - 72-хэм итщ.).

А псоми къадэкIуэу, пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я хабзэхэми хьэлщэнхэми зэтехуэ куэд хэлъ: езым и фызым щэхуу фIэкIа хуэмызэныр, фыз хъэзымыша цIыхухъухэм ахъшэ Iуэху зэрахъуэну хуит мыщIынир, ныбэшхуэ зиIэхэр емыкIу щIынир. Апхуэдэу лъэпкъитIми къалъытэрт хьыринэхэм удыгъэ яхэлъу.

Ауэ сытми къэхъуакъым «алыдж», «алыджыкIуэ» псалъэхэр, нэгъуэщIхэри адыгэхэм я бзэм мызэрыхьыхьар. Нарт лIыхъужь Ашэмэз и цIэр «Атамас» алыджы- цIэм хуокIуэ. ИпэIэкIэ щэрджэсхэм я деж куэдрэ ущрихьэлIэрт Пэрыс (алыджхэм я Парис) цIэм. Адыгэ таурыхъхэм яхэтщ ищхъэрэжьым и псэкIэ алыджьитхъэ «Борей» псалъэр: «Борей жьапщэ», «Борэн», н. къ. Ялъ ящIэжу зэрыщыта щыкIэри зэбгъапщэ хъунущ. Псалъэм къыдэкIуэу жьтIэнщи, я Iыхьлы, благъэ яуклахэм ялъ ямыщIэжу лъы уасэ яхьыхынкIи хъунут. Гомер и «Илиада»-м абы теухуауэ итщ:

«... Хэбгъэзыхьмэ, зи къуэш
яуклэ къуэшми
Ахъшэ къыIех, хэкIуэда къуэм
и адэми ахъшэ къыIех!
Аращи, лIыукIыр псэущ, къыжраIам
щэрэ ахъшэ яритащи».

«Батэрэз Марыкъуэ тезыр зэрыртрилъхьар» нарт хъыбарыр зыпеуухуар лIыхъужьыр езым и адэр зыукIа гупым зэрезауэрщ. Абы къышщэкъ Мэрыкъуэ Батэрэз и бийуэ мэIуху папщIэу къинэжьэсэбэпа цIыхубзым и псалъэхэр.

ПАСЭРЕЙ алыджхэмрэ адыгэхэмрэ хьэщIагъэкIэ яхэлъа хабзэхэми зэщхь куэд яхэтщ. Адрей пасэрей хабзэхэм къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм цIыхухэм хьэщIагъэ зэрырахьу щыта щыкIэри. Абы тельыджэу хэлъыр а псори къэрал зэхуаку дипломатием кIыгъэувхэм ещхьыркъабзэу зэрыщытарщ. Щапхъэ къыдохь: адыгэхэм, зэрыщыту бгырыксэм хьэщIагъэ и лъэныкъуэкIэ къадэгъуэгурыкIуэу щыта хабзэхэм увыпIэшхуэ щаубыд «щтапIэ ихьауэ хьахуэкIуэхэм хэщIапIэ етыныр», «зыкIуэсу хуит зымыщI дипломатие къыщхьэщыжыныгъэм щIэгъэувэныр, къахуеблэгъам и пщIэмрэ и щIыхьымрэ мыгъэлъэхъшэныр», н. къ. Апхуэдэ зыкъом яхьдолъагъуэ пасэрей алыджымрэ адыгэхэмрэ яку долъа зэхущытыкIэхэм.

Ди эрэм и пэкIэ VIII-IV лIэщIыгъуэхэм Алыджым къыщыунэхуащ къэрал щхьэхуэу щыт къалэхэр. Апхуэдэ къэрал цIыкIуэхэр куэдкIэ зэпыщIат. Абы щыгъуэм къежьауэ щытащ проксениер, нэгъуэщIу жьIпIэмэ цIыхур зэрырагъэблагъэ, зэрагъэхьащIэ хабзэр. Апхуэдэ хабзэр цIыху щхьэхуэхэми лъэпкъхэми яку дэлът. Кьалэдэсым цIыху къызэрыгуэкIри, хамэ щIыпIэхэм къикIыу лIыкIуэу къахуэкIуэхэм яхуэдэу, пщIэ хуищIу иригъэблагъэрт икIи ар ихъуманэу, абы и сэбэп зыхэлъэр къалэм и властхэм я деж щIыпхьгъэкIынымкIэ дэлэлу щытыну и пщэ дильхьэжырт.

Кьалэ здеблагъам апхуэдэ ныбжьагъэу, дэлэл щызыIэ щIыхур адрейхэм къащхьэщыкIырт а ефIэкIыныгъэхэмкIэ. А кьалэм и тетхэм абы и сэбэп зыхэлъыр пхагъэкIынут, уеблэмэ езыри яхъумэрт.

Адыгэхэм я дежи апхуэдэ хабзэхэр щызекIуащ. ХьэщIэм и сэбэп зыхэлъхэр хуащIэну, уеблэмэ и гъащIэр яхъумэну быслымхэм я кьалэнт. А хабзэм кьызэщIеубыдэ нэгъуэщIи - зыщщыдэпкъым, зэрыщIыхухъуэ е зэрыщIыхубзым, и Iуэху епIыкIэхэм, иныгъ диным, н. къ. емылытагъэ, хьэщIэ хъуфырт дэтхэнэ цIыхуми. Адыгэхэм нэгъуэщI хабзэжьи кьадекIуэкIырт - ныбжьэгъуэ быслым гуапэу хущытыныр (куначество). ХьэщIэмрэ и ныбжьэгъу быслымым кьыхуеблэгъамрэ зыкъомкIэ зэхуэдэщ, ауэ зэрызэщхьэщыкIи щыIэщ. ХьэщIэу ябжьыр кьахуеблэгъа дэтхэнэри, и нэIуасэм и деж щепсыхэр нэгъуэщIт. Абы кьыхэкIыу адыгэхэм кьахуеблэгъахэр зэщхьэщагъэкIырт. ПсылIуакIуэ кьахуэкIуэахэм хьэщIэ лъапIэкIэ еджэхэрт. Адыгэ хьэщIагъэм щыщ куэдым пасэрей алыджхэм я дежи дыщрохьэлIэ. Кьапщтэмэ, Гомер и «Одиссея»-м хэтщ Менелай Одиссей зыкъызэрыхуигъазэ псалъэхэр:

«Сэ цIыкуэхэм яужэгъу лъагъунигъэ
ГъунапкъэншэкIэ хьэщIэхэм сагуощIэ.
ЦIыкуэхэр абы ирегъэззэш:
псоми мардэ хэтын хуейщ;
Нэхъ Iейр къытхэнэну хуея
хьэщIэр етхужьжмэщ,
Гъуэгум техьэжыну пIащIэр
дгъэгувэмэщ:
Кьанэм нэмысыфIэу хущыт,
Гъуэгу техьэр гуапэу егъэжьэж».

Менелай хьэщIэхэм яжреIэ гъуэгугъэлъагъуэ зэрахуэхъунур, абыхэм тыгъэхэр ярет.

Шынагъуэншэ щIыпIэм нэс хьэщIэм дэкIуэтэныр, ар бийхэм ящыхъумэныр, тыгъэхэмкIэ гъэфIэныр, ерыскыы нэхъыфIхэр егъэшхыныр, н.къ. адыгэ IуэрыIуатэмиI, Гомер и Iэдакъэщ- щIэкIхэми хьолъагъуэ.

«Одиссея» поэмэм дыкъыщоджэ:

«Пащтыхьым хьэщIэ лъапIэр
адрейхэм я гъусэу
И унэм щIишащ икIи ахэр тахьтэ
лъагахэм иригъэтIысхьащ.
Абдежьм пащтыхь хьэлэлым
пащтыхь гуащэ Аретэ зыхуигъэзащ:
«Къытхуэхь, фыз, си щыгъын
щIыIутеть нэхъ дахэ дыдэр.
Лэгъупыр мафIэм пэрыгъэуви,
псыр къэвгъэпщтыр
Ди хьэщIэм зитхьащIын
папщIэ икIи, феакъэм
КъыхуащIа тыгъэхэр итьагъуэ
щигуфIыкIын хуэдэу,
Пщыхьэщхьэшхэм дыщыпэрыскIэ
уэрздкIэ дгъэгуфIэу.
Щежьэжкlэ сэ абы си дыщэ къъэущын
лъапIэр тыгъэ хуэсщIынщ.
Игу сыкъыщыкIыжкIэ махуэ
къэс и унэм щIэсу
Зевсрэ нэгъуэщI Тхьэ уахьтыншэхэмрэ
фIыщIэ яхуищын папщIэ».

«Щауейрэ хьэщIэ мыщIыхумрэ» нарт хъыбарми дэ апхуэдэ цIыхугъэм и щапхъэ дыщрохьэлIэ, ар зэригъэхьащIэм къыщыщIэдзауэ бийм щезауэм зэрыдэIэпыкъуам нэсу.

ХЪЫБАР куэд зэщхьу хэтщ ныбжьыщIэхэр зэрагъасэу щыта щыкIэми, унагъуэ гъащIэми, уеблэмэ хьэдэхэр зэрыщIалъхьэкIэ хабзэхэми. Иужьрейм и гугъу тщIымэ, алыджхэм хьэдэр щыщIалъхьэкIэ зауэлI ныбжьыщIэхэр зэпрагъауэрт нэщанэхэм еуэнкIэ, жэнкIэ, зэбэныпкIэ, IэштымкIэ зэзэуэнкIэ. Гомер и «Илиада»-м а зэпеуэхэр Iупщту къыхуэщ.

Адыгэхэми хьэдэр щыщIалъхьэкIэ апхуэдэ хабзэхэр къадекIуэкIырт. ПщIэшхуэ зыхуащIу, цIэрыIуэу щыта цIыхур зэрыпIэрэ зы ильэс щрикъуа махуэм ефэ-ешхэхэр зэхэублэным теухуа хабзэхэр Къэбэрдейм XX лIэщIыгъуэр кьихьэху щыIащ.

Дюбуа де Монпере Фредерик итхьгъащ хьэдэр щыщIалъхьа махуэхэм щэрджэсхэм «ефэ-ешхэхэр зэхуаблэу, щIалэхэр зэпрагъауэу зэрыщытар». ТекIуахэм саугъэтхэр иратырт. Патрокл щыщIалъхьэми хуэзыу, зи шыр псоми ейм кьатежа щIалэм щэкIэр тыгъэ хуащIырт. Адрейхэр яшхэмкIэ абы кIэлъопхъэр, а тыгъэр кьытрахыну я мураду. Зэпеуэхэм я кIэухми щIалэхэр кьызэдагъажэрт. ИтIанэ абы етх, Ахилл Патрокл и къъащхьэм и деж зэрыщищам хуэдэу, щэрджэсхэм дунейм ехыжа я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэмрэ я псалъэ гъэрхэмрэ пщыпIхэмрэ ящIыу зэрыщытар. Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ ялъэхэм зэрахъэщIыгъуэ зэщхьт. Дигу къэдгъэкIыжынти Ахиллеси абы и ныбжьэгъуэхэри Патроклэ зэрытегъар, Гектор дунейм щехьажам ар абы и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъуэмрэ зэрагъаеяр. Псалъэм и хьэтыркIэ, Патрокл зэрыщIалъхьам теухуауэ Гомер и «Илиада»-м дыщрохьэлIэ Ахиллес жиIа псалъэхэм:

«Дэ шууэ, хьэкуэстэгум дису
Патрокл и хьэдэм гъунэгъу
зыхуэтащIынщ,
Ар дгъеин папщIэ. Апхуэдэ пщIэ
яхуэфащэщ дунейм ехыжахэм».

Ахиллес и деж Гектор и хьэдэр кьыщищэхужу къэзыхьыжа и адэ Приам и къуэр щыщIалъхьэм, кьыз эхуэсахэм захуегъаз:

«Гъуэгу кьыз эфт, кьыдырхэмкIэ
сывблэкIыфын папщIэ!
ИужькIэ гъынкIэ зывгъэнщIынщ,
хьэдэр къэсхьыжа иужь».

Адыгэхэми ещхьыркъабзэу ягъейрт ПлахэрэI, абыхэм гъыбзэхэр хуаусырт.

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я политикэ гъащIэми зэщхьу куэд хэтт. Кьапщтэмэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ сыт хуэдэ Iуэхуми адыгэхэм Хасэм, пэкIухэм унафэ щытращIыхьырт. Абыхэм кьыщыпсалъэрт цIыхухъухэри, я Iуэху епIыкIэр кьыщаIуатэрт.

Дюбуа де Монпере Фредерик итхащ шэрджэсхэм сыт хуэдэ Iуэхуми мэзым щрагъэкIуэкI зэIущIэшхуэм унафэ щытращIыхьу зэрыщытар. Iэ яIэтыну хуитт пщыхэми, лакъуэлIошхэми, пщыпIхэми.

Апхуэдэ дыдэу щыщытащ Алыджми. Мыбдеж дигу кьыщыдгъэкIыжыну ирикъунщ ахейхэм Трое и гъынэм щрагъэкIуэкIа зэхуэсышхуэр. Абы унафэ щытращIыхьын хуейт я хэку ягъэзэжьынымрэ дяпэкIи быдапIэр къэухъуреихьэу щытынымрэ. А зэхуэсым дэтхэнэ цIыхури кьыщыпсалъэ икIи зыхуейр щыжиIэ хъурт. Зэдауэр Iэпщэрэзауэм щыхуэкIуэ щыIэт. Псалъэм и хьэтыркIэ, Одиссей Терсит и щIыбым еуауэ щытащ, я лъахэм ягъэзэжьну абы кьыззэрихьыжьар имыдэу.

ИщхьэкIэ дэ дыщытепсэлъыхьащ пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ ныбжьыщIэхэр ягъасэу зэрыщыта щыкIэм зэбгъапщэ хъуну мымащIэ зэрыхэлъми. Кьапщтэмэ, еджагъэшхуэхэм Спартэм цIэблэхэр зэрыщагъасэу щытамрэ адыгэхэм кьадекIуэкIа хабзэхэмрэ зэщхь халъагъуэ. Спартэр кьызэзыгъэпэщахэм ящыщЛикург (ди эрэм итхэр IX - VIII лIэщIыгъуэхэм) Азие цIыкIуэм щыIащ икIи ихьэтхэм, кашкэхэм я псэукIэр зыхуэдэр зригъэщIащ. Спартэм игъэзэжа иужькIэ, кьэралыгъуэмрэ щIалэгъуалэр гъэсэнымрэ зытетын хуей хабзэхэрЛикург кьыхилъхьащ. Езыр ящыщт Спартэм Iэпхъуэ дорийхэм. Япэрейхэм хуэдэу, ахэри зауэлI нэсу щытащ. Абы кьыхэкIыу я гъэсэныгъэр кьаиэ щымыIэу зытещIыхьар зауэ Iуэхурт. Апхуэдэ щытыкIэм итащ адыгэ лIакъуэлIэшхэри. Абыхэми я бынхэр зыхуагъасэр зэуэнырт.

Ликург етх ныбжьыщIэхэр хахуэу, бышцхьэмыгъазэу ягъэсэн пащIэм щIэн хуейхэр. ЩIалэ цIыкIуэхэр пасэу уэрапсыхьырт щыIэми, хуабэми, мэжащIалIагъэми, нэгъуэщI гугъуехьхэми. Ахэр дыгъуэзыкIи, езыхэм ерыскъыы кьагъуэтыжыкфыным хуагъасэрт. Я ныбжьыр илъэс 12 ирикъуа иужькIэ абыхэм илъэс псом ящыгъыныгъэ иратыр зы джанэ закъуэт. ПЛапцIэу икIи пцIанэу къакIухьын хуей хъурт. Нэхъыжьхэр щысу нэхъыщIэхэр псэлъэну хуитт хэсыным. ЩеупщIкIэ жэуапыр кIэщIу икIи гъэхуауэ иратын хуейт. Щысабийм кьыщыщIэдзауэ щIалэ цIыкIуэр Iэщэ лIэужьыгъуэ псоми хуагъасэрт.

А псоми дигу кьагъэкIыж Адыгэ Хабзэм гъэсэныгъэм теууауэ къиГъуэзэхэр. Адыгэ лIакъуэлIэшхэм езыхэм я бынхэр япIыну хамэ унагъуэхэм иратын хуейт. Алыджхэми щэрджэсхэми сабийхэр езыхэм я унэхэм щапIу зэрыщыныгъэм щыхьэт тохъуэ абыхэм кьадекIуэкI хъыбархэр. Дигу къэдгъэкIыжынти, Зевс, Ахилл, Адонис, Гефест, Дионис, Ясон сымэ я сабиигъуэр. Адыгэ нарт эпосым щыщ лIыхъужьхэу Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Щауей, Батэрэз сыми, нэгъуэщIхэри апхуэдэ дыдэуущ зэрагъэсар. А хабзэр ди дежи щызекIуащ XIX лIэщIыгъуэр къэсыху. Спартэм гулъытэшхуэ щыхуащIырт я кьарум и мызакъуэу, ныбжьыщIэхэм я акъылми зрагъэжьыным. И ныбжьыр илъэс тIощI ирикъуамэ, щIалэр балигъ хъуауэ ябжьыр. Спартэм щыщхэм тхэкIи, еджэкIи, уэрэд зыбжани зрагъэщIэн хуейт. ЩIалэ цIыкIуэр щысыныншу ягъэуэнэкурт. Япэщыкlэ щIопщкlэ яубэрэкъурт щэIуну хуимыту.

АПХУЭДЭ дыдэу адыгэхэми ягъасэрт я бынхэр. БалигъыпIэ иуда иужь зэхуэсышхуэм абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдизыр кьыщапщытэрт. Абы папщIэ зэхуашэсырт пщIэшхуэ зыхуащI цIыхухэр. Зэуэным зэрыхуэхъэзыырри, адыгэ хабзэм зэрыхащIыкIри, езыхэм я гупсысэхэр кIэщIу икIи гъэхуауэ къыщэрыIуэтэфри, уэрэд зэрыжаIэфри, шыем зэрытесыфри, Iэщэ лIэужьыгъуэ псори зэрагъэбзэфри кьапщытэрт. Гъэунэхуныгъэм пхыкIаэрат балигъ хъуауэ кьалъытэр. Апхуэдэхэм кьурагъ кIыхь хухасэрт. ИтIанэ езыхэхъуэрт: «... Кьурагъ зэрыпхухасамкIэ дыныохьуэхъу!».

Псалъэм кьыдэкIуэу жьтIэнщи, фыз кьэзыша нэхъыжьыр и кьуэш нэхъыщIэм ехъуэхъурт, «чэзыр кьыплпысащ» жьыжиIэу. Спартэмии сабийхэр зэхэгъэж щащIырт. Ар сымаджэмэ е лъэрымыхьмэ, яукIырт. Адыгэхэри хуабжьу ткIийуэ кIэлъыплъыр сабийм и узынщагъэм. Щыхьэту къэтхьынщ «Щауей и сабиигъуэр» нарт хъыбарыр. Абы щыжеIэ Кьанж и фыз Нэрыбгей сабий кьыпхъун ипэкIэ жьэгу зэщIэгъэнам тегъуалъхьэу зэрыщытар. Сабийр занщIэу мафIэм хэхуэрт. Лыгъэм хихьэ цIыкIур кIийм, анэм жиIэрт: «Мыбы хуэращэкъым сэ си кьуэу щытыну, ар мафIэм ес». Апхуэдэ щыкIэкIэ Кьанж и фызым и сабийбгъури мафIэм хисащ.

Епщанэр кьыщилъхуи, Сэтэней мафIэм щхьэщыхьэри, и кIэпхьныр иукъуэдиящ кьалъху сабийр кьыптхуэтэн папщIэ, арщхьэкIэ дунейм кьытехьэр, Сэтэней и кIэр пхрисыкIри, лыгъэм и курыкупсэм хэхуащ. МафIэм илыпщIырт, арщхьэкIэ гъыртэкъым, уеблэмэ дыхьэшхырт. Ар щилъагъуам, анэр гуфIащ: «ИкIэм-икIэжьм, сэ схуэфэщэн къуэ къэслъхуащ, нарт хахуэ кьыхэкIынущ. Кьащтэ ар».

Сэтэней щIалэ цIыкIур Iуащхьэмахуэ и щыгум щIипIащ. Мылым гущэ кьыхищIыкIри, бгъуэнщIагъым щIигъэуващ. Анэ быдзышэ папщIэу сабийм игъуэтыр мылыпсырт. Апхуэдэ щыкIэкIэ пелуан дыдэ кьыщыкIащ, балигъ хъуа иужькIэ и анэм иритыжащ. Нэрыбгей, и кьару пор иригъэлIэри, Щауей ипIытIыну хэтащ, арщхьэкIэ и кьуэр дыхьэшхэ кьудейщ: «Хьэуэ, си анэ, сэ уэ ебгъэтIысэхэкэм сахуэдэкъым, зыыгъI!» Апхуэдэ псалъэхэмкIэ Нэрыбгей и Iэр и кьуэм икъуэри, ар игъэпыхьащ.

Мыбдеж щыжьтIэн хуейщ, адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, сабийхэр гъэсэныным пыщIа лэжьыгъэм зэрыжьалгъуэу хэту зэрыщытар. Псалъэм и хьэтыркIэ, дэтхэнэ балигъри хуитт мыхъумыщIагъэ зэхищIыхьу гу зылъита ныбжьыщIэм дагъуэ хуищIыну. ИкIи и адэ-анэхэр я быным кьыщхьэщыж хъунутэкъым. Апхуэдэхэм деж уи быным укъыщхьэщыжыныр кьемызэгъ дыдэу кьалъытэрт.

Апхуэдэ хабзэхэр Спартэми щызекIуэрт. Плутархъ зэриткамкIэ, «Зыгуэрым щIалэ цIыкIуэм тезыр трилъхьарэ, иужьрейм ар и адэм жриIэжамэ, абы тезыр етIуанэ кьилэжьырт. Спартэм и цIыкIуэхэм дзыкъ зэхуащIырт икIи езыхэм я бынхэм кьемызэгъ гуэр кьызэрыкIэлъызэрамыхьэнур кьагурыIуэрт.

Спартэми адыгэхэми пщIэшхуэ дыдэ хуащIырт нэхъыжьхэм. Ахэр щысу ныбжьыщIэхэр ину псалъэртэкъым, абыхэм я псалъэмакъми хьыхьэтэкъым, щахуэзэкIэ гъэгуэр иратырт. Нэхъыжьхэр кьабгъадыхьамэ, кьэтэджырти, ахэр ягъэтIысырт. Абы теухуауэ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Плутархъ итхащ: «Спартэм щыщ ныбжьыщIэхэм езыхэм я адэхэм я мызакъуэу, зи ныбжь хэкIуэта псоми едэIуэн, абыхэм гулъытэ хуащIын хуейт. Абыхэм я кьалэнт щахуэзэкIэ нэхъыжьхэм гъэгур иратыну, кьэтэджу ягъэтIысыну, ахэр щысыхукIэ замыгъэIэуэльэуэну. Апхуэдэ щыкIэкIэ Спартэм щыщ дэтхэнэми нэгъуэщым и Iуэхуэр езым ей дыдэм хуэдэу кьилъытэрт.

Спартэм щызекIуа хабзэхэм, псом хуэмыдэу, япэгъунэгъуущ адыгэхэм кьадекIуэкIыу щытахэри. Псалъэм папщIэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щIалэхэр щхэуу ягъэкIуэныр. Италием щыщ Ксаверио Главани кьыхигъэщхьэхукIырт: «Гъатхэр кьызэрихьэу Шэрджэсым уэркъ ныбжьыщIэхэр цIыху 50 - 100-уэ зэхэт гупхэу щызэкъуэувэрт. Абыхэм щууей нэхъыфIхэр нэгъуэщI щыпIэхэм ягъакIуэрт. Иужьрейхэм кьуажэхэм нэблагъа иужькIэ кьуацэ-чыцэхэм зыхагъапщкIуэрт, пщыхьэщхьэкIэрэ псыхьэ щыкIуэкIэ псы кьэзыхьыну кIуа сабийхэр кьапхъуатэрт, хьыджэбз цIыкIу е щIалэ цIыкIу лъагъуГъуафIэхэр кьыхахьрти. Ахэр я щыплIэм зыщхьэщхьа кьалэнхэр зэхуэдэщ. Псалъэм папщIэ, шагъырымрэ берычэтымрэ я тхьэ Дионисрэ бэвагъымрэ щIыр зехьэнымрэ я тхьэ Тхьэгъэлэджрэ ягъэзащIэ кьалэнхэр зэтохуэ. Хьыбарым кьызэрыхэщымкIэ, Дионис Фракием щыщщ. Еджагъэшхуэ куэдым кьыкъагъэщхьэхуКI адыгэхэмрэ Фракием и цIыхухэмрэ лъыкIэ зэпыщIауэ зэрыщытар. Абы кьыхэкIыу гъэщIэгъуэнкъым Дионисрэ Тхьэгъэлэджрэ куэдкIэ зэрызэщхьыр.

ЩапхъэитI кьэпхъ хъунущ. Зи гугъу тщIынкIр Дионис и щIыкIэ ягъэльапIэ «Дионисие»-мрэ мажуций диным и лъэхъэнэм дэсу ежьа кьэзыщежьа «ВакIуэихьэж» гуфIэгъуэмрэщ. Гъатхэ вэгъуэр зэрызэфIэкIам егъэщIылIа а гуфIэгъуитIми кьалэн нэхъыщхьэр щызыгъэзащIэр псэущхьэхэрт: адыгэхэми алыджхэми я деж Ажэ-къафэрт (Ажэгъафэрт). Алыджхэм я деж зи гугъу тщIы гуфIэгъуэр ди эрэм лIэщIыгуитху нэблагъэ и гъэщIэращIэр. Апхуэдэ зэхьхьэхэр ягъэщIэращIрт бжэныфэкIэ хуэпа хуэрэджьыкIыуэхэм - зым кьыхидзэрт, адрейхэр дежьурт. Абы кьыдэкIуэу ажэгъафэ жьыхэтIэхэр кьафэрт. Арат кьыщежьар трагедиехэри - трагедиосым алыджьэкIэ кьокIыр «ажэхэм я уэрэд» жиIэу. Апхуэдэ гуфIэгъуэхэм кьыхэхъукIащ япэ театр гъэпсэгъуэныгъэхэри - комедиехэмрэ трагедиехэмрэ.

«ВакIуэихьэж» адыгэ мажуций гуфIэгъуэми, зэрыжьитIащи, лIыхъужь нэхъыщхьэу кьыщыувыр Ажэкъафэрт. Апхуэдэ цIыхур ажэ теплъэ иIэу хуэпат. Зэхьхьэр щрагъэкIуэкIыр гъатхэрт. Иужьрей вагъэбдзумэр щратхъа щIыпIэм щызэхаублэрт. Иужькlэ Ажэ-къафэр я пашэу я жылэм дыхьэжырт. Кьалэн нэхъыщхьэр зыгъэзащIэр зэрыс выгум иужь ит шууей гупырт. ЗдэкIуэм ахэр шабзэхэмкIэ еуэрт псэущхьэ теплъэ зиIэ хьэпшып гъэщIэращIахэм икIи ахэр жыгхэм кьыфIаудырт. КьэпщытакIуэхэм кьыхахырт текIуахэр, абыхэм саугъэтхэр иратырт. Гъуэгум тетыхукIэ ажэ-къафэм цIыхухэр игъэдыхьэшхырт. Кьуажэм дэс унагъуэ псоми я пщIантIэхэм гупыр дыхьэрт, кьыхуащI тыгъэхэр - мэлхэмрэ ажэхэмрэ, ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр - кьыпахырт. Дэ дыдзэреплъымкIэ, пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я гуфIэгъуэр зэрагъэIэт щIыкIэр зэрызэтехуэр ауэ сытми кьэхъуакъым.

АДЫГЭХЭМ я мажуситхъэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ Ахын. Япэщыкlэ ар псым (хым, тенджжызым) и тхьэу щытащ, «хы» псалъэри кьызытехъуКIар аращ. Кьапщтэмэ, адыгэхэм тенджжы ФIыцIэм Ахынкlэ еджэрт. АрщхьэкIэ иужькlэ Ахыныр Iэщщыхуэхэм я тепщэ хъуащ. Адыгэхэм яIащ а тхьэм егъэщIылIа хабзэхэр. Абыхэм ящыщ зыр япэ адыгэ этногрэф Хъан-Джэрий къыIуэтэжащ: «Бжьыхьэм хъушэм зы жэм хахурти, мэз гуэрэным яхурт, и бжьым кхъуейрэ щIакхъуэрэ тепхауэ. Кьуажэ гъунэгъуэхэм щыпсэхуэр абы зэреджэр Ахын и жэмт. Мэзым нэса иужькlэ жэмыр яукIырт. Мыпхуэдэ Iэхэр ильэсищ кьэс зэ ирагъэкIуэкIырт. А пэжьыгъэр ягъэзащIэрт кьафэхуэрэ, уэрэд жаIэурэ. Я Iэхэр зэрыIыгъыу кьыщыфэрт Ахынтlам жыгеижьым и деж. Абы ещхь дыдэ щыдолъагъу пасэрей алыджхэм я деж. Трое кьалэр щиухуэм, абы и пащтыхь Приам - Ил кьытехъуКIахэм ящыщ зыр Фригием щекIуэкIа зэпеуэ псоми щатекIуауэ щытащ. Абы папщIэ Фригием и пащтыхьым жэм кьуэлэн кьаритри, кьэжриIащ а жэмым кIэлъыкIуэну икIи ар кьыщыувыIэм и деж кьалэ щиухуэну. Абы едаIуэри, Трое кьызэригъэпэщащ. Зэрытлъагъущи, пасэрей алыджхэми адыгэхэми тхьэпэлъытэу щыт жэм яIа кьудейкъым, атIэ абы цIыхухэр апхуэдэ дыдэ тхьэпэлъытэ щIыпIэм ишэрт.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я унагъуэ гъащIэмэ хьэгъуэлIыгъуэ хабзэхэми зэщхь куэд хэлъащ. Щапхъэ кьэтхьынщ: Аттикэ кьалэм хабзэм езэгъыу кьыщалъытэрт цIыхуухъу щхьэхуитым щхьэхуиту кьалъхуа нэгъуэщIым ипхъу кьишэнкр. АрщхьэкIэ ахэр хуитыныгъэкIэ зэхуэмыдэжэ, зинэкIэ кьалъхуауэ кьалъытэрт икIи цIыхум и хуитыныгъэхэри щIэнибгъ лъысынымкIэ иIэ хуитыныгъэхэри трахырт. Нэчыхь ятхын ипэкIэ зэгурыIуэрт телъхъэм и инагъымкIэ. ЩIызэбгъэщхьыжкIэ телъхъэм щыщ Iыхьэ нысащIэм и унагъуэм кьигъэзэжырт. Адыгэхэм я дежкIи апхуэдэ хабзэ щызекIуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, хуитыныгъэкIэ зэхуэмыдэ щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэрышамэ, абыхэм кьащIэхъуэ сабийм «тумэкIэ» еджэрт икIи ар хуитыныгъэншэу кьанэрт.

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ хьэгъуэлIыгъуэхэр зэрырагъэкIуэкI хабзэхэмэ щыщ зыкъом хэлъащ. Пасэрей алыджхэм хъыджэбзыр щрагъашэкIэ абы егъэщIылIа ефэешхэри, нэгъуэщI дауэдапщэхэри и адэм и унэм щрагъэкIуэкIырт. ХьэгъуэлIыгъуэм, нысащIэм и нэкIур щIэхумуаэ, щхьэхуэу щыст, и ныбжьэгъуэхэр щыгъуу. ЗэрышагъащIэхэр унэм щыщIыкIэхэ, хъурмэхэр, дэхэр, ахъшэ жьгъейхэр ящрапхъыхырт. Алыджхэр хуабжьу хуэсакъырт узэдэгъу хъуа цIыхубзым. Абы зыри иту кьеуэ хъунутэкъым, гуауэ зыльэIэса цIыхуи илъагъу хъунутэкъым. НэгъуэщIу жьIпIэмэ, нэжэгужэу, и нэгуэхэр зэIуахуэу уэндэгъугъэр иритхьэкIын хуейт.

Адыгэхэм къадекIуэкI хабзэхэм ебгъапщэмэ, щыбдежи щIэхъ куэд щыдолъагъу. Япэрауэ, алыджхэми хуэдэу, адыгэхэми хъыджэбзыр уэндизхьэу яхыпт е абы и адэ-анэм и унэм щIэшэрт, ахъшэ жьгъейхэр, Iэфы кIэхэр, нэгъуэщI цIыкIуфэкIуэхэр ящрапхъыхыурэ. Ещанэрауэ, уэндэгъу хъуа нысащIэм зыри иту щIигъэхъэ хъунутэкъым: ар ягъакIуэртэкъым хьэдагъэ икIи хагъэттэкъым нэгъуэщI нэщхьеягъуэ Iуэхуэм. И чэзум шхэн хуейт. Адыгэхэми алыджхэми нэчыхь зэрыгарэтхри зэрызэбгъэдэкIыжри щызэхуэдэт. Зэщхьэгъэсэхэм кьакIухь хъунутэкъым зэщIыгъуу. Монпере Фредерик итхьгъащ: «Шэрджэсыр езым и щхьэгъусэм щIыгъуу цIыхухэм яхьихь зыуркъым. Адыгэхэм кьалъытэу уи фызым утепсэлъыхьныр емыкIуэзыу».

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

УНЭЖ Кашиф, *философие щIэныгъэхэм я доктор*


Алыджхэр иобгъэрыкIуэ

Нартхэр зауэм Iуохьэ.

● Тхылъыщ1э

«1837: Лермонтовыр Кавказым зэрыщы1ам пыщ1а щэхухэр»

**1837 гъэм Пушкин Александр мыхьэнэ зимы1э зэдауэм къырик1уа зэрыуки1ам эх1ыуэда нэ1ж, илъэс 23-рэ ныбжьым ит Лермонтов Михаил нэхъыщхьэхэм яхуэгъэзауэ усэ гуащ1э ихтауэ щытащ. Усакі1уэшхуэр зэрамыхъумэфамк1э тепщэхэр щигъэкъуаншэ а сатырхэм «къалэжьа» тезырт Лермонтов-щ1алэщ1эр ял1ыуэ Кавказым къыщ1агъэк1уа щхьэусыгъуэр. Усакі1уэм ди щы1п1эм щрихьэк1а а илъэсым нэгъуэщ1ынэк1э урегъэплъ КъБР-м щы1хь зи1э и егъэджак1уэ Щоджэн Хьэутий и тхылъу «1837: Тайны странствования Лермонтова по Кавказу» зыф1ищам.

КАВКАЗЫМ щыщхэм, адыгэхэри яхэту, Лермонтовым теухуауэ ятхэхэм нэхъыбэу къыхэзгъэщыр зы гупсысэщ: усакі1уэр XIX л1эщ1ык1уэм екі1уэ Урыс-Кавказ зауэм пащтыхь къэралыгъуэм и зауэл1у хэтамк1э, и нэгу щ1эк1ар щы1уэгъэ хэлъу ныкъэльэгъуэжащ. Езыр илъэс 27-к1э ф1эк1а мыпсэуами, усакі1э щ1алэм ди бл1эк1ам и сурэт пэжыр псалъэ ш1эрыуэк1э тхыдэм къыхинащ. Ар мащ1экъым, дауи. Ауэ ди л1эпк1ым емыпхэ г1ащ1и зи1а Лермонтовым гулъытэ нэхъыбэ хуэмыфащ1уэ п1эрэ?! А упщ1эм и жэуапу пхужы1энущ Щоджэн Хьэутий гурэ псэк1э ф1ыуэ ильэгъуа усакі1уэр щ1эрыщ1эу къыщыдигъэкъуж. Тхылъыр щ1эщыгъуэу зэхэл1щ. Зы л1эныкъуэк1э, ар ц1ыхухэхэм я г1ащ1э гъуэгум дэхуа махуэ, мазэ, сыхьэт бжыгъэ гъэрхэр щрырагъэкъуж тхыдэ ізжьыбгъэм ещ1ыщ. Ауэ тхыгъэр усакі1уэм зэрытеухуам литературэр щхьэхуэу къэбгъэнэну I эмал къуныркъым, уеблэмэ, удихьэхыу укъэзыгъаджэ щхьэусыгъуэхэм ар ял1э итщ. Адыгэм зэритхам къыхэк1ыу, тхыл1ыр усакі1уэм ди п1эк1эгъу жьы«экэхэм я гугъу зэрищ1 къудейм теухуауэ къыпф1эщ1ынк1и хъунущ, ауэ абдежым къыщ1ыувы1эркъым. Лермонтовыр Кавказым я л1эпу къыщагъэк1уа 1837 гъэр щ1ап1хьэ къещ1эри, гулъытэм щ1ымісхьу, Щоджэнэр усакі1уэм и г1ащ1э гъуэгум ироплъэ, апщ1ондэху зи гугъу ищ1ым хуэмыфащ1уэ к1эрпщ1а еплъык1э пхэнжэр зэрегъэзэхуэж.

Напэк1уэц1 щитхум н9благъэ монографиер Іыхьэ щщыкІуэу гуэшащ. Псалъэм папщІэ, «Иван Васильевич пащтыхьым теухуа...» зи псалъащхьэ Іыхьэм зи гугъу щиц1 «Калашников сатуущ1ым теухуа уэрэдым» ехьэл1ауэ тщ1эм ф1ыуэ зыщ1ергъэубгъу. Мыхьэнэ дахэ и1эу зэхэл1хьа хъуа а уэсэ к1ыхьым и гугъу щащ1к1э, нэхъыбэм ар Гуащэнэ и гъусэу пащтыхь Грозный Иван и деж к1ыулыкъу щы1эщ1а Идар Темрыкъуэ и к1уэ Мамсрыкъуэ ирапх. Ара къыщ1эк1ынущ адыгэл1ыр лейзекъэу зыкъэхэщ1 поэмэр дигу ирихьми, ф1ыуэ щ1ядмы1ам1ыр. Хьэутий апхуэдэ Іэуху еп1ыкі1эр зэгъэзэхуэжа хъуным ф1ыкі1э щы«хо1эбэ мы тхылъым. Езыр зыкі1эльэпл1ъа тхыгъэхэм ябгъ ит1ыгъ, абы къыжджеІэ, ял9рауэ, Лермонтовым и поэмэм л1ъабжьэ хуэхъуар нэгъуэщ1 хъыбарэ зэрыщытыр. Ет1ыанэрауэ, Мамсрыкъуэ гум зэрыдэмыкъым шьф9лыпфэм ирагъэзауэ хуэзэхалъхьэ урыс л1эпк1э уэрэдыжьыр къыхь п1эрэ, укъудэдиуэ пхеГ1эк1 ар зэхэзылъхьахэм л1эпк1эр щы1эзэпщ1эуэ вэн щхьэусыгъуэ къызэраугъуеям ищы1ыужк1э, зрапх къэхъукъащ1эри щы-уагъэнэшэу къызэрамы1уатэр. Апхуэдэ щ1ыкі1эу Щоджэным зэуэ Мамсрыкъуэ еухеижри, ар зэрыщытар нэгъэсауэ зи нэгу щ1эмыт дэри Іэхум нэгъэущ1 зыгъэру дрегъэгупсыс.

Щ1эщыгъуэу уоджж щ1эныгъэ1ым «Ди зэманым и л1ыхъужь» повестым хэт Бэлэ къыызыхэк1а кавказ л1ыхьым теухуа зэдауэхэм к1э зэрырит тегъэщ1ап1эхэмк. Хахуагъ ин хэлъу Щоджэныр топсэльыхь Лермонтовыр ф1ыуэ зыльагъу тхылъеджажэм усакі1уэр я нэгу къызэрыщ1эуэ щ1ыкі1эм пхъашэу теІэзэщ1ыхьа «ц1ыхугъэ» щхьэхуэхэм. Зэрыфк1э къэщ1ыпэуэ зэджэ дэтхэнэ тхыгъэмк1 игъэщхьэрыуэ куэд зэрыщы1эр нобэрей хъыбар зэ1эпыкі1эхэм ди нэгу щ1агъэк1. Щ1эныгъэл1ым и Іуэхур нэхъ гугъужщ: ар зэл1эжьыр къэрабъам тридза тхылъщ, итыр пэжрэ пц1ырэ езыр-езыру зэхигъэк1ыжьын хуейуэ. Бл9к1а зэманым утыку кърахьа, «гукъэк1ыж» зыф1ащ, пщ1э зи1э тхылъэм ихуа тхыгъэхэм зэхэдзык1э тк1ийк1э ябгъэдэхьэри, Хьэутий щы1ьэт псалъэхэри, акъылым уэзыхуищэхэри, бгъэдыкъэк1э нэхъ узынщэ зи1эхэм я жы1эгъуэхэри зэпиЛ1ытурэ, Лермонтовыр теплъаджэу, ц1ыху мы«ьэнэнэщу щ1ата хуэдэу зыгъэ1уахэм къытрагъэуа фэ мыщ1агъэуэр к1эрегъэкъэбзык1ыж.

«Шэч закъуи хэмы1ту, гуэзвэгъуэ дыдэщ, я дзэ мышу, урысей щ1эныгъэм апхуэдэ напэк1уэц1 хьэдэгъуэдахэхэр хагъэхъэныр къабыл эзращ1ыр, Лермонтовым тетхыхьу къыззэрыкъэк1ам и ф1ыгъэк1э зыхуэмыныкъуэ1ауэ зи гъащ1эр ешхьэхэ литературэ щ1эныгъэл1хэм усакі1уэм и пщ1эр я1этыжьын, захуагъэр трагъэк1уэн папщ1э зызыгъэхьеин к1ааэрыхэмык1ыр», - гупсысэ хахуэ къыщ1эна1уэ Щоджэн Хьэутий «Напэ зимы1э щ1эимы1уэм усакі1уэм трил1ъэ пц1ыр» зыф1ища Іыхьэм.

Зэрыхъу хабзэу, щ1эныгъэ Іуэхум ихьха псомк л1ьагъуэ гуэр пкаша нэужь, абы псом нэхър9 нэхъыфIу хащ1ыкІу зал1ытэжу хуожь. Щ1эныгъэл1ыр и ц1эм хуэфащ1уэ щыщытым деж ар Іуэху щхьэпэщ. Ауэ нэхъыбэм дэтхэнэ зыри хьэл пыхьык1а, гурей-гурыф1 зи1э цыху къызэрыкі1уэ къыщ1энэк1э, ц1ыху ц1эрыІуэм и г1ащ1э гъэгу апхуэдэхэм зэфІагъэувэжар л1ъныкъуабэ мэхъу. Армырауэ п1эрэ и ц1ыхьэсугъэр щ1эдзэн Хьэутий Лермонтовым и к1ек1уэк1ыкІам-рэ и Іэдакъэ щ1эк1эзэрэ зыцІэхэм я ищыщу зи ц1эр нэхъ Іуэ Андроников Ираклий зытес л1ъагаП1эр «щ1игъэсысыр». Шэч хэл1ъкъым совет зэманым узыльэ1эсыпхъэ дэфтэрхэр иджы хуэдэу хуиту зэрыщ1ымытам. К1ыщ1нэмыщ1ауэ, хъэхтак1уэхэм зыхуей псори жа1эфын хуэдэу, унафэ т1кІий к1ащхьэщ1ымыту к1ек1уэк1ак1ым. Абы и щ1ыхьэт гъэщ1эгъуэнхэм я1эу Щоджэным къекъ Лермонтовым Пушкин ныбжьым къызэрыщ1ыхьэжам щхьэк1э ягъэжьуэшлами, ар пащтыхьым еныкъуэкъу усакі1уэ зэрыщымытар. Уеблэмэ, а зэманым Урысейм и тепщэр ягъэпудыну пабгъэхэм я1эпсалъэу зэхэл1хьа сатыр зыбжанэм я ф1ыгъэк1э, абы и «Кавказ тезырри» щабэ хуащ1ауэ зэрыщытам гу л1ыдегъатэ.

Щоджэн Хьэутий гъэ бл9к1ам ильэс 80 ирикъуащ, ар егъэджэныгъэ Іуэхумк1э республикэм пщ1э л1ьагъ къыщ1ыхьжьа нэхъыжьхэм я1щ1. Абы ильэс зыбжанк1э къыдигъэк1ащ «Щоджэн л1ъэпкъыр» зыф1ища газетыр. «Уи Іэнат1э уэзырэпэрытым хуэдэу Іуэху дахэ куэд зэрызэф1эпхыфынур ди ф1эщ ищ1ащ ди нэхъыжьхэм и щапхъэм», - Хьэутий зи унафэщ1у щыта, Нарткъалэ дэт 5-нэ еджап1эм и л9жьак1уэхэр гуапэу топсэльыхь абы. Къызэрыщ1эк1ымк1э, тхьэмадэм усэ зэхэл1хьэнри и хамэкъым. Армырамэ, Лермонтовым и сатырхэр апхуэдэу гум нэсу зы хъыщ1энтэкъым, и тхылъыр къэзыщтэ дэтхэнэри езым и Іуэху еплъык1эм л1ы1эсын хуэдэуи тепсэльыхьыфынтэкъым. Литературэмрэ тхыдэмрэ дихьэх ди л1ъапк1ъэгъуэм ягу зэрырихьынум нэмыщ1, Урысей литературоведением увыпІэ щхьэхуэ щ1ызубыдыфын л9жьыгъэ щхьэпэщ Щоджэн Хьэутий и Іэдакъэ къыщ1эк1а, фыкьеджэну фызыдетдэгушхуэ тхылъыр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Гъуэгу къежьап1э

Куэд дэзыхьэх гуп гъэщ1эгъуэн

Щап1хьэ зытрах «Маленький джигит» сабий къэфак1уэ ансамблыр Псыхуабэ къалэм щрагъэк1уэк1 «Летний калейдоскоп» етхуанэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и ял9 нагъыщэм и лауреат хъуащ.

ФИГУ къэдгъэк1ыжьынщи, «Маленький джигит»-р 2002 гъэм Дзэлыкъуэ районым Щэнхабзэмк1э и унэм деж къыщ1ызэрагъэп9щ1ауэ щытащ. И гукъэк1ыр зейри, гупым и ял9 художественнэ унафэщ1ри, къафэхэр зыгъэуварыр Къардэн Хьэсэнт. «Щап1хьэ зытрах» ц1э л1ьап1эр абы 2005 гъэм хуагъэфэщащ. И зэфІэк1ыр къыз9ралъытэ ц1ыр къыф1ащ1а иужь, «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытрадзауэ щыта тхыгъэм хэтт мыпхуэдэу: «Ц1ыхухэр егъэлеяуэ дахьэхащ иджыри зи Іуэхущ1афэхэмк1э ц1э л1ьап1э къыхуагъэфэщэнуи хунэмыса «Маленький джигит» ансамблым и къэфак1уэхэм. Жы1энурамэ, гукъыдэжьыр къа1эту, жьы ящ1эту, зыпэрыт Іуэхум дэтхэнэ нэхьыбащ1эри къызэрыхуигъэщ1ар пльагъуу утыкум итащ ахэр».

Районми республикэми щрагъэк1уэк1 щэнхабзэ Іуэху дахэхэм хэтк1э къызэтеувы1эркъым ансамблыр. Зэхьэзэхуэ, фестиваль куэдым и зэфІэк1 щегъэпльагъуэ, Адыгей, Къарашей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Дагъыстэн республикэхэм, Ставрополь краймэ, нэгъуэщ1 щы1п1эхэми къыщ1ащ1ыу. Щэнхабзэ зэпыщ1эныгъэхэр зэрагъэбыдэм, зэрырагъэфак1уэм къыпэк1уэу, къедбжэк1а щы1налъхьэхэм я министерствэхэм я щ1ыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ къэфак1уэ Іупым.

Абыхэм къахьа дамыгъэхэмрэ увыпІэ нэхъыщ1ыхэмрэ куэд мэхъу. Къэтхынщ абыхэм ящ1ыщ зыбжанэ: 2010 гъэм Измир къалэм (Тырку) щек1уэк1а фестивалым нэхъыфІ дыдэу къыщ1ылъитащ; 2011 гъэм - къэфак1уэхэм я зэхьэзэхуэу Яловэ тырку къалэм щы-зэхашам ял9 нагъыщэм и лауреат щы-хъуащ; а гъэ дыдэм Москва щек1уэк1а «Урысейм и талантхэр» фестивальзэхьэзэхуэм и Гран-при сауГэтыр къы-хъащ, гупым и художественнэ унафэщ1 К1ардэн Хьэсэн «Илэжь Іуэху щхьэпэхэм папщ1э» орденыр къыхуагъэфэщащ; 2018 гъэм «Іэгуауэхэр» е 17-нэ урыс-ейпсо фестиваль-зэхьэзэхуэм и я1э нагъыщэм и лауреат дипломыр къыщ1ыхьащ «Маленький джигит»-м; а гъэ дыдэм «Гъэм и теплъэгъуэхэр» Іуэху дахэм хьихьэу ирагъэк1уэк1 «Летний калейдоскоп» зэпеуэм я1э нагъыщэм и лауреат щ1ыхъащ, гъуазджэхэмрэ творчествэмк1э «Вагъуэхэм я симфоние» урысейпсо зэхьэзэхуэу Нартсанэ къалэм къыщ1ызэрагъэпэщами и зэфІэк1ыр къыщ1ат1ыташ.

Ищхьэк1э зи ц1э къыщ1ит1уа К1ардэн Хьэсэнщ, зэрыжьит1ащ, гупыр зэхуэзы-шэсар. Къызэригъэпэща, гъуэгу захуэм тригъэува, къафэ гъэщ1эгъэнхэр сабийхэм ядигъуэва къудейкъым Хьэсэн, Хэкур ф1ыуэ ял9ауэ, нэгъуэщ1 л1ъапк1ым къыхэк1ахэм пщ1э хуащ1у, ц1ыхубэ щ1эинэр хуэсакъыу я9ымэу игъасэрт абы щ1эбл9р. 2015 гъэм, хьэл1эу сымэджа иужь, дунейм ехьжащ гъэсак1уэ Іущыр. Иджы гупым и унафэщ1ш Хьэсэн ипхъу К1ардэн Бэлэ. Зэрыщ1ык1у л1ыандэрэ утыку итщ мы бзылъхугъэри, «Бгыхэм я джэрпэджэж», «Нэмыс» ансамблхэм къыщ1ифэу щы-тащ. «Маленький джигит»-р къыщ1ызэ-рагъэпэща махуэм къыщ1ыщ1эдзауэ и адэм и дэ1эпыкъуэгъу нэсу щытащ Бэлэ, иджы Хьэсэн и Іуэхум пещэри, ехьу-л1эныгъэ куэд и1эну ди гуапэщ.

ЩОКЪУИЙ Іэминэ.

Къэхъундэсхэм бжьыпэр яубыдыж

● Футбол

Зи чэзу, епщ1анэ, джэгу-гъуэмрэ ягъэ1эпхъуауэ щыта зэ1ущ1эхэмрэ тхьэ-махуэ к1уам ирагъэк1уэк1а иужьк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гъэмахуэ чемпионатым бжьыпэр щиубыдыжащ иджыри къэс и хьэрхуэ-рэгъу псори хэзыгъэщ1а Къэхъун и «Керт»-м.

КЪЭХЪУНДЭСХЭР иджыпсту апхуэдизу къызэщ1эп-лъащи, уапэщ1эмыхуэмэ нэхъыфІщ. Абы щыхьэт техъуэфынущ Нартанрэ Псыкуэдрэ я къуажэ командхэр - иужь джэгу1ъуэ зэк1эпъхьэужьит1ым «Керт»-м дэтхэнэми топ пщ1ырыпщ1 жэуапыншэу яхудиг1эк1ащ. Футболым пэгъунэгъуэм я щ1э апхуэдэ бжыгъэшхуэ дыдэк1э хагъэщ1ахэр хуабжьу я г1эпудауэ къызэрал1ытэр. Пщ1ырыпщ1ауэ къэхъундэсхэм зэхьэзэхуэм бжьыпэр щ1ауфыщ1ауэ, я г1эпудауэ щыта зэ1ущ1эр бэрэжьей к1уам «Хьэт1охъущ1ыкъуейм» драгъэк1уэк1ыжа иужьк1э. Абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм иджы худагъэк1ар топит1 къудейщ, ауэ ахэри ярикъуащ пашэныгъэр зэхьэзэхуэм щ1ызэ1эрагъэхьэжьн папщ1э. Адэк1э зэрыхъунур хэт ищ1эн, ауэ ноби нэрылъагъущ Къэхъун командэ л1ъщ къызэрыщ1ызэрагъэпэщ1ыжар и к1ы абы къыа1эншыхуэхэр зэрыгъэзэщ1ефынур.

Чемпионыгъэр иутІыпщынэу, дауи, и мурадкъым республикэм и топджэгу нэхъыфІхэр щ1ызэхуашэса Бахъсэн и «Автозапчасть»-ми. Зэхьэзэхуэм зэрыщ1ыдзэрэ абы очкоит1 ф1эк1уэдауэ аращ и к1ы апхуэдизк1эщ «Керт»-м къызэрыкі1эрыхур. Иужьу бахъсэндэсхэм бжьыгъэшхуэк1э хагъэщ1ащ Джылахъстэнейм ф1ыкІа «Акъбащыр».

Пашэхэм къахэк1ырхъым мы гъэм гуп нэхъыщ1ыхэм хьихьа Прохладнэ и «Энергетик»-р. Иужьу ар Бабугент къуажэм щы1ати, хэгъэрейхэм топибл яхудиг1эк1ри, къэк1уэжащ.

Зэхьэзэхуэм я1э тек1уэныгъэр к1ыщ1ихьащ «Нартаным». Абы хущ1ъуэ хуэхъуауэ къыщ1эк1ынущ тхьэмахуэ ипэк1э топипщ1 Къэхъун къызэрыщ1ыхудагъэк1ар. Арщ1ъэк1э, адрей джэгуГъуиблми къыщ1ихагъэщ1а нартандэсхэм иужь дыдэ увыпІэр зэк1э ябгынэфакъым. Пэжщ, къапэгъунэгъу командэхэм е1ытауэ абыхэм ирагъэк1уэк1ар з9ly-щитк1э нэхъ мащ1эщ ик1и мыгувэу Іуэхур яг9зэзк1уэжьыфынущ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Къэхъун къуажэм щыщ, ауэ иужь илъэсхэм «Малка»-м и щ1ыхьыр зыхъумэ Шащ1э Бесл1ъан. Мыгъэрей джэгуГъуипщ1ым ар 19-рэ къыщ1ыхэжаныкІащ ик1и «Автозапчасть»-м и пашэхэу Къуэжей Азэмэтрэ Бэчбо Муратрэ къызэринэк1ащ.

Адэк1э щыгъащ1эу фыхуэтщ1ынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и чемпионатым и епщ1анэ джэгуГъуэм къырик1уа бжьыгъэхэм: **«Псыхуэдэ»** (Псыкуэдэ) - **«Керт»** (Къэхъун) - **0:10**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **5:2**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхьэрэ) - **8:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Хьэт1охъущ1ыкъуей»** (Хьэт1охъущ1ыкъуей) - **2:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **0:7**, **«Къунде-тей»** (Щэджэм) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:1**, **«Нартан»** (Нартан) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **3:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Налшык»** (Налшык) - **2:1**.

ХЬЭТАУ Ислам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщ1хьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщ1ек1уэк1ыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Ф1.	Т.	О.
1.	**«Керт»**	9	9	0	0	45-5	27
2.	**«Автозапчасть»**	9	8	1	0	52-7	25
3.	**«Энергетик»**	9	8	1	0	33-9	25
4.	«Тэрч»	10	8	1	1	31-10	25
5.	«Малка»	10	5	2	3	29-20	17
6.	«Хьэт1охъущ1ыкъуей»	11	5	1	5	21-24	16
7.	«Нарт»	10	4	2	4	14-16	11
8.	«Спартак-Д»	9	3	2	4	12-15	11
9.	«Акъбащ»	10	3	1	6	17-32	10
10.	«Налшык»	8	2	3	3	17-22	9
11.	«Ислъэмей»	8	2	2	4	15-18	8
12.	«ЛогоВАЗ»	9	2	0	7	14-27	6
13.	«Къундетей»	8	2	0	6	13-28	6
14.	**«Псыхуэдэ»**	**10**	**1**	**3**	**6**	**12-48**	**6**
15.	**«Родник»**	**10**	**1**	**1**	**8**	**8-32**	**4**
16.	**«Нартан»**	**8**	**1**	**0**	**7**	**11-33**	**3**

● КъБР-м щы1э МВД-м

Дыгъуак1уэр яубыд

Урысей МВД-м Налшык къалэм щи1э и Управленэм 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м зыхуигъэзащ илъэс 39-рэ зи ныбжь къалэдэсым. Щы1ухъуэм зэрыжи1амк1э, ар щ1опсэу фэтэр куэд зыхэт унэм и я1э къатым. Унэм щ1эмысауэ къыщ1ык1уэжам къилъэгъуащ и пластик щхьэгъубжэм сэкъат зэриІэр, и фэтэрым хьэпшыпхэмрэ дыщэхэк1эмрэ зэрыщ1ахар. Псори зэхэту сом 153.000-рэ и уасэ.

УПРАВЛЕНЭМ и полиц я къудамэ №91-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмк1э и лэжьак1уэхэм дыгъуак1уэу щэч зыхуащ1ар яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращ1ыхьауэ щыта, илъэс 22-рэ зи ныбжь налшыкдэс ц1ыхубзщ.

Абы зиумысжащ, ищ1ыгуам щыщ къыхуэнар къаритыжащ. Уголовнэ Іуэху къа1этащ. Абы нэгъуэщ1 щ1эпхъаджагъэхэр илэжьамэ зэхагъэк1.

КъБР-м щы1э МВД-м и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Дзюдо

Генералым и фэеплъ зэхьэзэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплексым щек1уэк1ащ 2006 - 2007 гъэхэм къальхуа щ1алэ, хьыджэбз щы1ухъуэм дзюдомк1э я ещанэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Ар фэеплъ хуащ1ащ юрист щ1эныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щы1ухъ зи1э и юрист, къэрал к1уэщ1 Іуэхуурэмк1э Іэнат1эм и генерал-майор Абыдэ Ахьмэд.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и ял9н нэхъыщ1ыхэр щ1алэгъуалэр спортым къыхэщэнымк1 и закъуэкъым, ат1э ныбжьыщ1эхэр хэкупсэу къэгъэхъунырщ.

Зэхьыхэр къыщ1ызэ1ухьам хэтащ КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщ1хэр, Парламентым, спорт, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я л1ы-к1уэхэр, Абыдэм и ныбжьыгъуэр, лэжьэгъуэр.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ УФ-м и ФСИН-м и управленэу КъБР-м щы1эм и унафэщ1, полковник Лъхъ Ас1ъэн. Абы и къэпсэльэныгъэм щ1ал9гъуалэр кы-щ1ыхуриджащ генерал Абыдэ Ахьмэд щхьэхэм щапхъэ трахыну. Спорт екъулэ-ныгъэ куэд я1эныи ехъуэхъуащ.

Унагъуэм, лэжьэгъуэм, зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщак1уэхэм ф1ыщ1э яхуищ1ащ УФ-м Федераці эмк1э и Советым хэта Бечелов Ильяс.

Генерал Абыдэм и фэеплъ зэхьхьэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и щ1ынал9хэм, Бурятием, Мэзкуу, Ростов областхэм к1ыик1и спортсмен 500-м щ1игъу. Я хьэлъагъ ельытауэ зэщхьэщ1ахуаэ зэпэщ1этыныгъэхэр щек1уэк1а гупхэм спортсменхэм Іэзагъ л1ьагъ, текІуэныгъэм зэрыхущ1э-къур кьщ1агъэльэгъащ.

Тек1уахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ кубокхэр, медалхэр, фэеплъ футболкэхэр иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩ1Э Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэк1эмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эл1э** (ахуэп зыхь секретарь), **Къардэн Маригъ**, **Къумахуэ Ас1ъэн**, **Нэщ1эпыдж1эр Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Иэ**.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ я гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымк1э - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемк1э - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнат1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1а1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъык1р зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щы-налъэ Іуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эл1э**, *редактору* **Жьэк1эмыхъу Маринэ**, *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэ1эпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерк1э газетым и теплъэр ящ1ащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнат1эм щагъэхъызыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №558

Щ1ыхухэм щахуэзэ махуэ хэха

● Фщ1эн папщ1э

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м сыхьэт 14-м щегъэжьуэ сыхьэт 20 хъуху Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъуэм и Управленэу (УФССП) КъБР-м щы1эм, суд приставхэм я къудамэ псоми щек1уэк1ынущ Щ1ыхухэм щахуэзэ махуэ хэха.

РЕСПУБЛИКЭМ щ1ыпсэухэмрэ хъярычэтыщ1эхэмрэ (щ1ыхуэр езыгъэпшынэхэмрэ ар зытелъхэмрэ) Іэмал я1энущ приставхэм е4энджэщыу, щ1ыхуэр я1пшынэу.

А махуэм щ1ыхуэхэм ш1ьахуэзэнущ КъБР-м щы1э УФССП-м и къудамэхэм я унафэщ1хэр.

Щ1ыхуэхэр щрагъэблагъэ зы махуэм теухуа хъыбархэр къэзыщ1эну, зезыгъэтхыну хуэнэжьэ Іуэхуитхэр 42-50-80 телефонымк1э псалъэ хъунущ. Я щхьэ Іуэхук1э суд приставхэм яхуэзэнухэм паспорт я1ыгъын хуейщ.

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъуэм и Управленэу КъБР-м щы1эм и хэщ1ап1эр: **Налшык къалэ, Арманд Инессэ и уэрам, 43-нэ «а» унэ.**

Суд приставхэм я Налшык къалэ къудамэ: **Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, 202-нэ «б» унэ.**

Суд приставхэм я Бахъсэн район къудамэ: **Бахъсэн къалэ, Лениным и уэрам, 72-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Тэрч къудамэ: **Дзэлыкъуэкъуажэ, Комсомольскэ уэрам, 54-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Май район къудамэ: **Майскэ къалэ, Горькэм и уэрам, 108-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Прохладнэ район къудамэ: **Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 192-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Тэрч район къудамэ: **Тэрч къалэ, Фэнзийм и уэрам, 21-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Аруан район къудамэ: **Нарткъалэ, Дзержинскэм и уэрам, 6-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Шэджэм район къудамэ: **Шэджэм къалэ, К1ара-рэ и уэрам, 93-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Шэрэдж район къудамэ: **Къущхьэтау посёлкэ, Щоджэнщ1ык1ум и уэрам, 33-нэ унэ.**

Суд приставхэм я Іуащхьэмахуэ район къудамэ: **Тырныауз къалэ, Эльбрусскэ проспект, 37-нэ «а» унэ.**